Къэрал зыужьыныгъэм и джэлэс

2-нэ нап.

И кІэм нагъэсынущ

2-нэ нап.

ИІэкъым ужьых адыгэ макъым

3-нэ нап.

Ещанэ увыпІэри яхуэфащэхъым

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№106 (24.544) ● 2023 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 5, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

Лъэпкъ щІалэгъуалэ театрым и гъэсэнхэм я тхьилъхэр иратыж

4-нэ нап.

ЛэжьакІуэшхуэхэр ягъэлъапІэ

Республикэм и махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек ди щыналъэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІэхэм къэрал дамыгъэхэр яритыжащ.

ГъЫЗЭХУЭСАХЭМ захуигъазэу Іэтащхьэм жиІащ: «Ныбжьэгъу лъапІэхэ, Республикэм и махуэмкІэ сынывохъуэхъу!

Мы махуэшхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым ядэлэгъуэ зэригъуэт лъандэрэ кьикІуа тхьдэ гъуэгуанэ кІыхьым и щыхьэтщ, ди лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ Хэку щыкІуми инми худиІэ щытыкІэмрэ къеГэлъагъуэ. А Іуэхум ди лъэпкъхэм я гъащІэм мыхьэнэшхуэ щигъэтащ, зыужьныгъэ гъуэгум дытезыгъуэва кьару тхуэхуащ. Абы кьыкІэлыкІуа итхэ-сипщІ бжьигъэхэм республикэм ехьулІэныгъэшхуэхэр зыІэригъэхьащ къэрал ухуэныгъэм, экономикэм, щІэныкІэ-псэукІэм, щэнхабзэ зыужьныгъэм я лъэныкъуэкІэ.

Дэ ди къэлэнщ блэкІар тхъуэмэну, ди япэ итахэм я Іущагъымрэ Іуэху бгъэдэкьэкІэхэмрэ тегъэщІапІэ тщІыуэ, зи гъунэ иралъа псори адэкІи дгъэкІуэтэну, дыкьащалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и ехьулІныгъэхэм нэхьри хэдгъэхъуэну.

Хабзэ зэрыхъуам тету, дэ гулъытэ яхудощІ результатхэм и зэпІэзэрытныгъэмрэ зыужьныгъэмрэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщІхэм. Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ кьабгъэдэкІ дамыгъэ лъагэхэр яхуэфащэщ Іэнатіэ зэмылІуэжьыгъуэхэм пэрыт цІыху щэджащэхэм, дзэ къулыкъым хэтхэм, дохутырхэм, егъэджакІуэхэм, ухуакІуэхэм, щэнхабзэм, физическэ культурэм, спортым ирилажьхэм, промышленностым, мэкъумэш Іэнатіэм пэрытхэм.

Ныбжьэгъу лъапІэхэ, фэ фщыщ дэтхэнэ зыри кьыхиха Іэщіагъэм щехьулІащ, щапхъэ игъэльэгъуащ. Фыщіэ ин фхузощІ Къэбэрдей-Балъкъэрым псэ хьэлэлкІэ фызэрыхуэлажьэм папщІэ.

ЗэІущІэм хэтщ дээ Іуэху хэхам зауэлІ хахуэу зыкъыщызыгъэлъэгъуахэри. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и Унафэкіэ, Іэнатіэм зэрыхуэхьэныгъэшхуэм икІи илъэс куэд хьуауэ хьэлэлу зэрыгъэжьам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр ираташ Урысей Православнэ члисэм и Пятигорск, Черкесск епархием хиубыдэ Налшык округым и православнэ члисэхэм я Іэтащхьэ **Бобылёв Валентин.**

ЕкъулІэныгъэшхуэхэр зэрагъэжьаІэ икІи илъэс куэд ящІэ «Урысейм и Художникхэм я союз» урысейпсо творческэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэт **Конин Анатолий.**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхьэ зиІэ и артист» цІэ лъапІэр фІащащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым хэт **Дер Мухьэмэд**, «Балкарие» къэрал Іуэрыуатэ-этнографие ансамблым хэт **Шаваев Рэмэзан** сымэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхьэ зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр фІащащ **Іэпщащэ Іуэес**, **Дзбагъуэ Риммэ**, **Кулиевэ Аминат**, **КІарэ Суфьян**, **Мэкъуауэ Масирэт**, **Позднаковэ Тамарэ**, **ПхьитІыкІ Бэлэ** сымэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хьумэнымкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІащащ **Дзэмыхь Хьэлишэт**, **Мисировэ Жанетэ** сымэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІащащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэхэу **Гъуэнибэ ФатІимэ**, **Мыз Маринэ**, КъБКъУ-м и проректорым и къудзэ **Нэхущ ФатІимэт** сымэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІащащ «Бахьсэн-Автозапчасть» ООО-м и унафэщІ **Щэрдан Валерэ**.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІащащ Бгы, бгыльапэ жыг Іэкъныкъмкіэ Кавказ Ищхьэрэ щІэныгъэ-кьэхутакІуэ институтым и унафэщІым и къудзэ **Тау Валерэ**.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм псэукІэмкІэ къащхьэщыжьныкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІащащ Проладнэ сабий унэ-интернатым лэжьыгъэмкІэ и инструктор **Головко Еленэ**.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ культурэмрэ спортымкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІащащ Іэщіагъэ-спортым щыхуягъасэ центрым дзюдомкІэ и гъэсакІуэ нэхьыжь **Ким Руслан**, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гуп кьыхэхар спортым щыхуягъасэ Республикэм и гуп кьыхэхар спортым щыхуягъасэ центрым самбомкІэ и гъэсакІуэ нэхьыжь **Уэщхъун Сулътіан** сымэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхьэ зиІэ и ухуакІуэ» цІэ лъапІэр фІащащ Аруан гъуэгу ухуэныгъэ-зэгъэзэщакьымкІэ Іуэху-щІэныгъэ-зэгъэзэщакьымкІэ и унафэщІым и къудзэ **Бэвокъуэ Аслъэн**.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхьэ зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІащащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм Финансхэмрэ экономикэмкІэ и департаментым и унафэщІ **Къалмыкъ Алим**.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхьэ зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІащащ УФ-м и Следственнэ комитетым и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и дэІэпыкьуэгъу нэхъыжь **Багъ Мурат**, КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и судьяр **Кучуков Олег**.

КъБР-м и Іэтащхьэм и Фіыщіэ тхьилъхэр зэрагъэфащащ «Унипрод СК» ООО-м и унафэщІ **Къуэжьокъуэ Арсенрэ** Кавказ Ищхьэрэ ислъам университетым и ректор **Чочаев Шарабутинрэ**.

КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щахуэзащ ди къэралым иригъэкІуэкІ дзэ Іуэху хэхам хэкІуэда ди лъахэгъу зауэлІхэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым кьыдигъэкІа Унафэм ипкъ иткІэ, «ЛІыхъужьныгъэм и орденэр» хуагъэфащауэ щытащ Дыду Эдик Юрэ и къуэмрэ Чэлимэт Азэмэт Заурбий и къуэмрэ, зэуапІэм щыщагъэльэгъуа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщІэ. А дамыгъэ лъапІэхэр республикэм и Іэтащхьэм яритыжащ зауэлІ лІыхъужьхэу зи псэр хэкум и щхьэхуитыныгъэм щІэзытахэм я Іыхьлыхэм.

КІуэкІуэ Казбек яхуэгуэзващ щІалэхэм я адэ-анэхэм икІи фІыщІэ ин яхуищІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыгушхуэ апхуэдэ щІалэ хахуэхэр, лІыгъэ зыхьлъхэр зэрагъэсам папщІэ. «Эдик Юрэ и къуэмрэ Азэмэт Заурбий и къуэмрэ я гъащІэхэр ятащ къэкІуэну щІэблэхэм я насыпым, зэпэщныгъэм папщІэ, къэралым къалэн къащищІахэр ягъэзащІэу. Зи псэхэр Хэкум папщІэ **Мэкъуауэ Тимур**, КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и секретарь **Тату Казбек**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудзэ **Хъубий Марат**, Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз**, Налшык къалэм и дзэ комиссар **Щоджэн Залым** сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ и пресс-Іуэхущ Іапі эм къыз эритамкІэ

ЛІыхъужьхэм я фэеплъыр мыкІуэдыжынщ

Къэрал зыужьныгъэм и джэлэс

ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьыныр, ди Хэку иным а Іэнатіэхэм щыпэрытхэм, школакІуэхэмрэ студентхэмрэ я Іуэхур нэхьри егъэфІэкІуэныр, къэрал гулъытэ егъэгъуэтыныр Урысей Федерацэм и унафэщІхэм, абы хьихьэ щІыналъэхэм я пашэхэм зыхуагъэувыж я кьалэн нэхъыщхьэхэм хохьэ. ИпэжьипІэкІэ, а Іэнатіэхэращ увыр яхъуэлІсо зыужьныгъэм и джэлэсу, сыту жыпІэмэ щІэныгъэ куумрэ цІыху зэчиймрэщ дэтхэнэ къэралри карууфІэ зыщІыр. Аэращ Хэкум егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ щызыІэригъэхьа екъуІэныгъэхэмкІэ дунейпсо пщІэрэ щІыхьрэ къаухъэзыхьари.

А ПСОРИ кьалъытэу, фІыуэ кьагурІуэу, ди республикэм и унафэщІхэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ гулъытэ хэха хуащІ. Абы и щыхьэтщ фокІадэм и 1-м, ЩІэныгъэхэм я махуэм, ди республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэр зэпэщу зэрырихьэлІэкар. А махуэм, дэнэкІи хъэдэу, ди щІыналъэмэ щекІуэкІащ Ялпэ уэздыкьэнэм и гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэр. Хабзэ зэрыхъуам тету, ахэр кьызэІуахащ УФ-м, КъБР-м я къэрал ныпхэр яІэтрэ хэкум, республикэм я къэрал гимнхэр ягъэзащІэу. Кьыхэдгъэщынщи, 2023 - 2024 гъэм ди республикэм и школхэм екІуэлІжащ сабий мини 122,7-м щІигу. Абыхэм ящыщу мин 12,8-р ялпэ классым щІотІысхьэ. А школакІуэхэм, абыхэм я ущиякІуэхэм - гъэсакІуэхэм, егъэджакІуэхэм - махуэшхуэмкІэ екъуэхъуащ республикэ, щІыпІэ къэрал Іуэхущ Іапі эхэм я лІыкІуэхэр, кьалэ, кьуажэ администрацэхэм я унафэщІхэр, жылагъэм я нэхъыжьыфІхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ Прохладнэ щІыналъэм хиубыдэ Екатериноградскэ станицэм дэт курыт школым ЩІэныгъэхэм я махуэм теухуауэ къыщыдзэрагъэпэща гуфІэгъуэ зэІущІэм. Республикэм и пашэр гуапэу екъуэхъуащ егъэджэныгъэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм, абыхэм я гъэсэнхэм, адэ-анэхэм. 2023 гъэр Егъэджакіуэмрэ ныкІакІуэмрэ я илъэсу зэрагъэувар кьыхигъэщащ абы и псалъэм, Іэнатіэм ямылегъуэмрэ къэралымрэ щигъуэт гулъытэм зэхуэсым къырихьэлІэхэм иджыри зэ гу лърагъатэу.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Терроризмэм ебэнынымкІэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Терроризмэм ебэнынымкІэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм социальнэ сетым щиІэ и напэкІуэцІымкІэ теракт хэм зэкІуэдахэм я благъэхэм захуигъэзащ.

«Урысейми дуней псоми я тхыдэм кьыхэна насыпынщагъэ махуэм аргуэру ди нэгу кьыщІегъэхьэж 2004 гъэм и бжьыхьэм къэхуа Іуэхугъуэ шынагъуэр, зихуэдэ щымыІэ гущІэгъуншагъэ теракт ным и зэранкІэ Беслъэн школым сабийхэр, абыхэм я адэ-анэхэр, егъэджакІуэхэр зэрыщыкъэхуэдэуэ щытар.

Иджыри зэ а махуэм дигуми ди псэми кьабгъэдэкІыу дахуогузавэ Урысейм и щІыналъэ зэмылІуэжьыгъуэхэм щекІуэкІа террорист щІэпхъаджагъэхэм зи благъэ-Іыхьлыхэр хэкІуэдахэм, абыхэм я гуаузр, я хэщІныныгъэр зыхьыдощІэ.

Апхуэдэ гущІэгъуншагъэ, цІыхугъэншагъэ щІэпхъаджагъэхэр пхуэухеижьнукъым икІи пхуэгъэгъунукъым.

Нобэ ди къэралыр аргуэру пэщІэтщ терроризмэм. Дэ ди кьалэнщ ди кьару псори етхьэлІэу терроризмэмрэ экстремизмэмрэ дебэныну, дызэкъуэту жылагъуэмрэ цІыхухэмрэ я шынагъуэншагъэр къыздгъэпэщыну, ди лъэпкъым мамырыгъэ гъащІэмкІэ иІэ хуитыныгъэр тхъумэну.

Щэч кьытесхьэркъым, дызэкъуэтмэ, сыт хуэдэ гугъуехьми дызэрыпэлъэщыфынум, къызэрытхуэдалъэ шынагъуэ псоми хуэфащэн жэуап зэреттыфынум», - щыжиІэ тхыгъэм.



Уэздыгъэр зэгъэзэхуа хъун папщІэ

«Россети Северный Кавказ» ПАО-м и генеральнэ унафэщІ Левченкэ Романрэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ зэхуэзащІ. Ахэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и электросеть Іуэхущ Іапі эхэм дяпэкІэ зэрызрагъэужьынум.

ЗЭІУЩІЭМ къыщыхагъэщащ а Іэнатіэр ефІэкІуэн, ток нэхъ мащІэ ягъэсын щхьэкІэ, лейуэ электрокъарур щагъэкІуэд Іуэхущ Іапі эхэр гъэбелджылын, токыр кьэзыгъэсбэпхэр учет щын зэрыхуейр, кьытеувыІащ абы теухуауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм.

КъулыкъущІхэм и гугъу ящІащ бжьыхьэ-щІымахуэ пІалъэм зэрызыхуагъэхьэзырым. Псори зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыкьн щІадзэнущ, абы текІуэдэнущ сом мелуани 170-рэ.

ПщІэ зыхуэтщІ щІэджыкІакІуэхэ!

2023 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманыр иухащ. Арщхьэкіэ къыкІэрыхуахэм нэхъ кІасэу ахэр хуахьынущ, и пщІэр дызыхуэкІуэ махуэ гъунэгъухэм щІатмэ.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 409-рэ кІэпІейкІэ 95-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 372-рэ кІэпейкІэ 51-рэ.

Ди индексыр П 5894

Къэрал зыужьынытъэм и джэлэс

(КІэухыр.
ПэщІэдзэр 1-нэ нап. итщ)

Ди щыналъэм и пашэм къызэрыхигъэщауэ, егъэджэныгъэ ІэнатІэм щигГуэт къэрал гулыитэм и щапхъэхэм ящыщщ абы школыщІэхэр зэрыщаухуэр, щыІэхэр къызыхутэнышэу зэрызэрагъэпэщыжыр. Нэгъабзэрэ мы гъэмрэ щІэуэ ящхуащ е зэрагъэпэщыжащ еджапІэ 50-м щигГуэ. Апхуэдэу, фокІадэм и 1-м я бжэхэр сабийхэм къыхуэзІуахащ Куба къуажэм, Нарткъалэ, Прохладнэ кьалэхэм щаухуа школыщІэхэм. Аэзр яухуащ «ЕГъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ.

Бахъсэн районым хьыхъ Куба къуажэм дэта школыжьыр 1937 гъэм ящІауэ щытащ. Унэр кхъахэ хъуати, щІыху щІэбгъэхьэну, ущылажьэну шинагъэнэштэкъым. Абы къыхэкІыу 2021 гъэм КІуэкІуэ Казбек унафэ ищІауэ щытащ жьлэм еджапІэщІэ щаухуэн хуейуэ. Иджы мис: метр зэбгъуэнатІэ мини 4 иубыду жьлэм дащІыхьащ еджапІэщІэ, пщІантІэ хуит, спорт утыкуэхэр щыГуэу. ШколыщІэм хэтщ предмет хэхаэмкІэ пэш щъхэуэхэр, класс Іэхуитхъхуитхэр, гуфІэгъуэхэр щегъэжьуэкІыным хэущІа пэшышхэр, спортымкІэ пашышхэр, шхапІэрэ пщэфІапІэ зэпэщэх. ЕджапІэ пэшхэр къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщащ унэльащІэ екІуэмкІэ, техникэ пэрытхэмкІэ. Хуэзныгъэм, псори зэхэту къапщтэмэ, текІуэдащ сом мелуан 485-рэ.

А псоми щыгуфІыкІыу школыщІэм фокІадэм и 1-м зэхуэсыжауэ щыІэхэщащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Аслан, районым, жылэм и унафэщІхэр, къуажэдэсхэр. КъулыкъущІэ лъагэр кьэзэхуэсахэм гуапэу екъуэхъуа нэужь, еджапІэм и унафэщІэхэм я іІащІитІыхьащ «фыщ» Іуныкъбзэлъхьэр.

- ФІым фыхуущІэкъу, щІэныгъэщІэхэм фыхуэпабгъэ, екъуэлІэныгъэ лъагэхэр зыІэрывгъэхьэ, - апхуэдэ псалъэ дахэ куэд а махуэм зэхахащ школыщІэм еджэн щызыубгъа ныбжьыщІэ 400-м нэсым. Ялэ ящхьем ялэ дыдэу кІуащ сабий 34-рэ.

Куба къыщызэІуаха курыт школым хуэдэу егъэкІуэ 500-м тещІыхьауэ щытщ Нарткъалэ лэжьэн щыщІэзыдза курыт еджапІэ №4-рэ. А школыщІэр къызэрызэІуахьым теуха дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацыем и Унафэщі Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, Аруан районым и администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Аджий Валерэ, щыналъэм и нэхъыжьыфІхэр, егъэджакІуэхэр, еджакІуэ щыкІуэкІэхэр, адэ-анэхэр. КъатитІу зэпэщэхуэм къыщыдзэгъэпэщащ егъэджэныгъэм хэт дэтхэнэми и лэжьыгъэ къыщызыгъэпсынщІэну Іэмал пэрытхэр. Классхэри, пэш щхьэхуэхэри, шхапІэри, спорт Іэнатіэри - псоми яухуащ икІи унэльащІэрэ техникэкІэ зэщІауэздащ иджырей мардзэм тету. ШколыщІэм и пщІантІэри абы хуабыдзу ящІа спорт утыкушхуэхэри къызыхуэтыншэщ. ХьэщІэ лъапІэхэр гуапэу екъуэхъуащ апхуэдиз Іэмалыфыр зи Іэдэжу егъэджэныгъэм пэрыхьэж Іэщ Іагъэлі Іэхэми школаклуэ цІыкІухэми.

ЩІэныгъэхэм я махуэм школыщІэ къыщызэІуахащ Прохладнэ кьалэми. Ар тещІыхьащ еджакІуэ 785-м. Совет Союзым и ЛІыхъужь Бойченко Виктор и цІэр зезыхьэ еджапІэм къыщызэрагъэпэща гуфІэгъуэ зэІуцІэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр, КъБР-м и лІыкІуэ сенаторхэр. ГуфІэгъуэм кьрихьэлІащ районым, кьалэм я унафэщІхэр, жылагъуэм пщІэ щызиІэ нэхъыжьыфІхэр, егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ. Егоровэр къызэхуэсахэм гуапэу екъуэхъуащ республикэм и Къэралыгъуэм, ЩІэныгъэхэм я махуэмкІэ. Псом хуэмыдэж псалъэ гуапэхэр абы хужиІащ зи кьалэныр хьэлэлу езыхьэкІ егъэджакІуэхэм, Іэнатіэм щекІуэкІ лэжьыгъэ куэдым жьауалныгъэ зыхащІэу хэт адэанэхэм, апхуэдэ школыщІэ сабийхэм яхуэзыщІа ухуакІуэхэм. Прохладнэ кьалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Архангельскый Вячеслав школыщІэм и унафэщІ Ахъмэт Рустам «фыщ» Іуныкъбзэлъхьэр Іэщ Іилъхьа нэужь, школым и бжэ хуитхэр еджакІуэхэм кьахуэзІуихащ.

ГуфІэгъуэ зэІущІэхэр егъэдахащ школакІуэ цІыкІухэм яГъэззэщІа уэрэдзкэрэ кьафэхэмрэ, хэкупсэ уэсхэм. Абыхэм кьыщцуа ящІ уэзджыжьнэм и зу макъыр пщІадзэ хуэхъуащ ящІ дерсхэм. Апхуэдэхэт, хабзэ зэрыхъуам тету, ящІу егъэуцІэкІахуу щІэныгъэм, мамырыгъэм, ди республикэм и тхьідэм ятеухуа дерсхэр.

ЗэІуцІэхэм зэрыщІэжаІамкІэ, 2023 гъэм и кІэуэм ирихьэлІэу республикэм иджыри кьыщцызэІуахынущ курыт школыщІэу 7. КъыкІэлъыкІуэ 2024 гъэм абыхэм кьыхэхъэнущ 12. Мы гъэм фокІадэм и 1-м лэжьэн щІэзыдзахэм хуэдэу, ахэри кьызэрагъэпэщынущ иджырей егъэджэныгъэ мардзэм хуэкІуэ унэльащІэхэмкІэ, техникэ пэрытхэмкІэ. Кьызэдгъэщынщи, республикэм и унафэщІэм зэрыграуХуамкІэ, 2025 гъэм ирихьэлІэу КъБР-м и курыт школхэр пщэдджыжьыкІэ защІэ хьунущ. А псори икъукІэ яхуэщхьэпэнущ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм ди республикэм нэхъри зыщиужьыным, егъэджакІуэхэми абыхэм я нэІэм щІэт школакІуэхэми ехьэлІэныгъэщІэхэр зыІэрагъэхьэныжьмкІэ сэбэпышхуэ хьунущ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр зи Іэрыкі

● Япэ итахэр

Адыгэ литературэдж, критик, филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Хьэщхъуэжь Раисэ Хьалиф и пхъур халъытэ адыгэ литературэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа еджагъэшхуэхэм. 1933 гъэм и фокІадэм Дон Іус Ростов къыщалъхуа бзыльхъуэ щІыкІым и унагъуэр иужькІэ ди республикэм къэІэпхъуэкауэ щытащ. Курыт еджапІэр Налшык къыщыуха нэужь, КъБКъУ-м урысыбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэм щеджащ ар. Псэужамэ, мы махуэхэм абы и ныбжьыр илъэс 90 ирикъунут.

СТУДЕНТ илъэсхэм кьриубыдэу Хьэщхъуэжь Раисэ хуабжьу дихьэхауэ щытащ лъэпкъ уэзщІакІуэхэм ятеухуа кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта бзыльхъуГэр а Іуэхум нэхъ хьэкъзауэ ящажащ Азербайджан кьэрал университетым и аспирантурэм щыщеджажа илъэсхэм. ЩІэныгъэлІ щІэрыІуэ, литературоведж, тхакІуэ, критик Хандан Джафар и унафэм щІэту, абы игъэхьэзыращ и кандидат диссертацэу адыгэхэмрэ ирусхэмрэ я литературэ зэпыщІэныгъэхэм ятеухуам. А лэжьыгъэр Раисэ 1964 гъэм абы щыпхигъэкІащ.

Хэкум кьиГъэзэжа нэужь, Хьэщхъуэжьыр илъэси 10-м щІигъэкІэ КъБКъУ-м щІэзыжьащ егъэджакІуэ нэхъыжьу, урыс, хамэ хуабжьбзэхэмкІэ кафедрэм и доценту. Болгариеи щыщ Шумен кьалэм дэт институтым илъэсиТКІэ щІигъэджащ. А институтыр кьызэрызІуахрэ илъэситху щирикъуэ Хьэщхъуэжь Раисэ щІыхь тхьылъ кьыхуэгъэфэщащ, а егъэлІэр кьызэрэпэщынымэ жыджэру зэрыхэлажьыхьар кьалъытэри.

И Іуэхуэр дэкІыу, зыпэрыт Іэнатіэмэ ехьэлІэныгъэ щызыІэригъэхьэу екІуэкІыми, абы щыгъуэпщэрэхьэм и щІалэгъуэм дзэхьэхауэ щыта Іуэхугъуэр, XIX лІэщІыгъуэм псэуа адыгэ уэзщІакІуэхэм кьащІэна литературэ тхыгъэхэр джыныр. Раисэ и псэм нэхъ пэгъунэгъу кьэхутэныгъэ лэжьыгъэм зрипщытыну Іэмал щигъуэтар 70 гъэхэм я кІэуэращ. Кьэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ и институтым ува нэужь. Ар щытащ институтым и лэжьакІуэ нэхъыжьу, адыгэ литературэмкІэ абы и кьудамэм и унафэщІым и Іуэхугъэу. А псоми кьадэкІуэу, Хьэщхъуэжьым иригъэкІащ уэзщІакІуэхэм ятеухуа кьэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр. 1986 гъэм Раисэ утыку кьрихьащ XIX - XX лІэщІыгъуэм и япэ Іыхьэм псэуа адыгэ уэзщІакІуэхэм ятеухуа и кьэхутэныгъэ купщІафІэр. А лэжьыгъэр екъуІэныгъэкІэ пхигъэкІащ Хьэщхъуэжьым икІи филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор хъуащ.

XIX лІэщІыгъуэм и кІэуэхэм XX и пэщІадзэхэм псэуа адыгэ тхакІуэ-уэзщІакІуэхэм кьащІэна, а лъпкъ литературэм щыщу тхыдэм хэмыхьа тхыгъэхэр кьэхутэным, кьэгъащІэрэщІэжьыным, ахэр кьыдэгъэкІыным шэщІауэ елэжьащ Хьэщхъуэжьыр. 70 гъэхэм абы кьыдигъэкІыу щІидзащ «Литературные памятники» сериер. Абы кьыхьащ езым и кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр, уэзщІакІуэхэм я литературэ щІэинкІэ, абыхэм ятеухуа пэублэ псалъэхэр, тхыгъэ гъэнэхуагъэ щІигъужауэ. Абы и япэ кьыдэкІыГуэм Раисэ хигъэхьауэ щытащ «Кази Атажукин. Избранные труды» лэжьыгъэр. УэзщІакІуэм и Іащ Іэм щыщу нэхъапэм цІыхухэр зыщымыГуэзэ напэкІуэуЕ щхьэхуэхэр ихуащ. Сеريем хуабдащ адыгэ тхыдэм икІи тхакІуэ Хьан-Джэрий и гуащІэм теухуа «Хан-Гирей. Избранные произведения» лэжьыгъэри. Кьынэмыщ Іаущ, абы зэту, дунейм кьытехьауэ щытащ «Адыль-Гирей Кешев. Избранные произведения» тхылъыр. Ар теухуауэ щытащ лъэпкъ литературэмрэ журналистикэмрэ хэлъхьэныгъэ Іуэхущ Іэщ Іагъэлі щыпкъ, тхакІуэ зэчиифІэ, «Терские ведомости» газетым и япэ редактору щыта, «Къаблэмбий» псевдонимыр зыфІэзыщІыжа КІашэ Адэлджэрий и ГъащІэмрэ и творчествэмрэ. Апхуэдэу, Раисэ и фІыгъащ дунейм кьыхэзырытехьар Іуэрыіуатэдж Іэзэу щыта, адыгэ алыфбейр зи кьалэмыпэм кьыщІэкІа Тамбий Пагуэ, тхакІуэ ГъэззэджэКъуэ Кьазбэч, тхыдэдж, усакІуэ Іэзэ Сихьу Сафарбий сымэ, нэгъуэщІ адыгэ уэзщІакІуэхэми я гъащІэмрэ литературэ лэжьыгъэхэмрэ щыгъуазэ ухуэзыщІ кьыдэкІыгъуэхэр.

- УэзщІакІуэхэм ятеухуа тхыгъэ пщІы бжьыгъэхэр, монографиехэр Хьэщхъуэжь Раисэ и Іэдакъэ кьызэрыщІэкІам лъэпкъым дежкІэ мыхьэнэ ин иІэщ. Хьэщхъуэжьым уэзщІакІуэхэм я гъащІэмрэ я гуащІэмрэ иджын и пэ абыхэм ятеухуа лэжьыгъэ зыбжанэ дунейм кьытехьауэ щытащ, атІэми, а уэзщІакІуэхэм ехьэлІауэ Хьэщхъуэжьым кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр иригъэкІуэкІа нэужь, лъэпкъыр щыгъуазэ дыхъуащ ипэкІэ уэлІщІыу ящІауэ щымыта щІэинхэм, - жеІэ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор Гъут Іадэм. - Адыгэ уэзщІакІуэхэм ящыщу дызыщІэузар Нэгуфэ Шорэ и тхыгъэ мащІэу дунейм кьытехьахэрт. Хьэщхъуэжь Раисэщ пщы Хьэтіохъущокъуэ Кьазий и тхыгъэ кьыхэхахэр япэу кьыдіззыгъэкІар, абы и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ ятеухуа пэублэ тхыгъэ щІыгъуу. Абы кьыкІэпхьыкІащ зи гугъу тщІы адрей кьыдэкІигъэхэри.

ЩІэныгъэлІым зэрыжиІэмкІэ, ахэр лъэпкъ щэнхабзэм и фащІэ фондым хьыхащ, кэхутэныгъэ лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІ щІыху щхьэхуэхэмрэ щІэджыкІакІуэхэмрэ я дэІэпыкъуэгъуэ. А тхыгъэхэр кьыдигъэкІын папщІэ, Хьэщхъуэжь Раисэ Москва, Ленинград, Тбилиси, нэгъуэщІ кьалэ зыбжанэм и библиотекэхэмрэ дэфтэр хуэмдІэхэмрэ кьэдгъэщІыжьащ.

�щІэныгъэ дунейм кьызэрыщалъытамкІэ, Хьэщхъуэжьым и кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм мыхьэнэзыхуэ яІэщ лІэщІыгъуитІым - блэкІамрэ дыззэрытымрэ я зэпытъыпІэм адыгэ лъэпкъым яІа щэнхабзэмрэ я щэнхабзэм и лэжьакІуэу щытахэм я кьащІэнахэмрэ джыкьныжьмкІэ. Ахэр, шэч хэмылъу, дэІэпыкъуэгъуфІ ноби кьахуохъу егъэджакІуэхэми, егъэкІуэхэми, лъэпкъым и блэкІам дихьэх дэтхэнэми.

Апхуэдэ лэжьыгъэ куэд Хьэщхъуэжь Раисэ и Іэдакъэ кьыщІэкІащ. Адыгэ уэзщІакІуэхэм ятеухуа и лэжьыгъэхэр кьызэщІикІуэжри, иужьрейуэ Раисэ кьыдигъэкІащ «Поиски и находки» тхылъ кьэлэмэтыр. Абы кьыхьащ Хьэтіохъущокъуэ Хьазий, Хьан-Джэрий, КІашэ Адэлджэрий, Инат Кьрым-Джэрий, Щэрдан Батырбэч, Хьэжьмыкьыу Темтэж, Долэт-Джэрий Султэн, нэгъуэщІхэми я гущІэм, политикэ, жьлагъуэ, литературэ, творческэ гъащІэм теухуауэ Хьэщхъуэжь Раисэ итха статьяхэр. ЩІэупщІэшхуэ ноби иІэщ адыгэ цІыхубзхэм я гъащІэм, щыІэкІэ-псэуКІэм теухуауэ Хьэщхъуэжьым и кьалэмыпэм кьыпыкІауэ щыта «Черкешенки в истории» тхылъым. Абы Болгариеи кьыщытригъэдзауэ щытащ литературоведнием пыщІа лэжьыгъэфІ зыбжанэ. Абыхэм ящыщу тхакІуэ цІэрыІуэ Андерсен зэрылІэрэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу игъэхьэзыра «ТхакІуэ иным и таурыхъэм я дунейм ещхьу», Боккаччо Джованни зэрылІэрэ илъэс 600 щрикъум теухуауэ итха «ФІым и бэнакІэ цІыхухэм», нэгъуэщІхэри.

ЗэфІихэ лэжьыгъэ купщІафІэхэр гулъытэнэ хъуакъым - 1995 гъэм УФ-м и ТхакІуэхэм я союзым хагъэхьащ ар. 1996 гъэм Хьэщхъуэжьым кьыфІащащ «КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр. Апхуэдэ гупылъэ лъагэр адыгэ бзылъхугъэм кьыжьат бгъэдэлъ щІэныгъэ кІуумкІэ, зэхэщІыкІ лъагэмрэ цІыхугъэ инымкІэ.

Хьэщхъуэжь Раисэ Хьалиф и пхъур 2009 гъэм дунейм ехьажащ. Адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэм, щІэныгъэ лэжьакІуэ Іэкіуэлъакіуэм, кьэхутакІуэ Іэзэм кьыщІэна тхыгъэхэм ноби пщІэ яІэщ.

ТАМБИЙ Линэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Хэкупсэу щытын папщІэ

УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщім и къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» фракцэм и депутат Кузнецовым Аннэ хьэхилъхьащ еджакІуэхэм я тетрадхэмрэ нэгъуэщІ школ хьэпшыпхэмрэ дзэ Іуэху хэлъ хэт лІыхъужьхэм ятеухуа хьэбархэр тету кьыдагъэкІыну.

«ДНЕВНИК, тетрадь е школым кьыщагъэсэбэп нэгъуэщІ хьэпшып гуэр хэкупсэ уэгІтІыныгъэ иІэу къэсПыхьуати, зГъуэтакъым. Урысейм и лІыхъужьхэр, кьэралым и щІыпІэ дахэхэр, тхакІуэхэр, сурэтыщІхэр, спортсменхэр, щІэныгъэлІхэр, композиторхэр... хэкур уи нэгу кьыщІэзыгъэхьэ гуэр уримыхьэлІэныр гъащІэгъэунэ», - щитхащ и телеграмм напэкІуэцІым депутатым.

Псом хуэмыдэу тельыджэ дыдэ щыхъуауэ абы къыхигъэщащ зыщІыхьа тыкуэным, уеблэмэ урысей ныпыр зытет школ хьэпшып зэрыщІимыгъуэтар. Гъунэжу щыІэр сыт жыпІэмэ, хамэ кьэрал таурыхъэм хэт лІыхъужьхэм я сурэтхэр, джогуІкІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я теплъэгъуэхэр кьызытещ тетрадхэр, дневникхэр, портфелхэр.

«Хэт абыкІэ жэуап зыхьыр? Ахэр кьыдэзыгъэкІ, щащэ Іуэхущапэхэра?! Абыхэм я закъуэкъым, ди щІэблэр хэкупсэ нэсу гъэсэныр кьэрал Іуэхущ. Абы ипкъ иткІи, а Іуэхум зэхъуэкІыныгъэхэр хэтлъхьэу, хэкум фІыгъэгъуныгъэ кьызхуэзыгъэуш школ хьэпшыпхэр кьыдагъэкІыным ижь дихьэн хуейщ», - жиІащ Кузнецовэ Аннэ.

Шынагъуэншагъэр япэ ирагъэщ

Франджым хамэ кьэралхэмкІэ и министр Колоннэ Катрин «Le Monde» газетым ирита интервьюм кьыщыхигъащащ Европэм шынагъуэншагъэмкІэ кьыщызэрагъэпэщ щытыкІэщІэм къэрал псоми я хабзи я хуитныгъэм кьыхэлъытауэ зэрыщытпхэр. Абы къихьэлъэгъащ Урысейр абы хэтын зэрызыхуейр.

«СЭ кьызгуроІуэ иджыпсту Украинэм щекІуэкІым теухауэ Урысейм щытыкІэ щІагъуэ зэрыхуэмыІэр. А щытыкІэр зыхуэгъэзар Урысейракъым, атІэ абы иригъэкІуэкІ Іуэхуэрщ. ИпэжьипІэкІэ кьапщтэмэ, тхыдэмрэ географиемрэ щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, Урысейм евбыд европэ континентым и Іыхьэшхуэ. Абы кьыхэкІыу къэрал псоми я зэпІэзэрытыгъэр ягъэ идгъэщу шынагъуэншагъэмкІэ щытыкІэщІэхэр кьызэдгъэпэщыныр ди кьалэнщ», - жиІащ министрым.

Апхуэдэу абы кьыхигъэщащ КъухьэпІэм Киев зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгъэкІэ адэкІи зэрызыщІигъэкъуэнур.

ФокІадэм и 5, гъубж

✦Псапэ щІэным и дунейпсо махуэщ

✦1936 гъэм Бахъсэн ГЭС-р лажьэу яутІыпащащ

✦1895 гъэм кьалъхуащ усакІуэ, композитор, пшынауэ, уэрэджьыІакІуэ, КъБР-м ГъэзаджэкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къэжэр Индрис**.

✦1933 гъэм кьалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щІыхь зиІэ я энергетик, жылагъуэ лэжьакІуэ **Къущхьэ Мухьэжид**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 18 - 22-рэ щыхъунущ.

ФокІадэм и 6, бэрэжьей

✦1939 гъэм Налшык щыгъэжапІэ кьыщызэІуахащ.

✦1942 гъэм ВЛКСМ-м и обкомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэр кьыкуриджащ, нэмыщІ фашист зэрыпхъуакІуэхъуэхэм ялъэкІ псомкІи япэщІэувэну.

✦2001 гъэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьэкІуащ.

✦1950 гъэм кьалъхуащ КъБР-м щІэныгъэ Іэхуэхэмкіэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щэрдан Анатолэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэщх кьыщыщынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэзэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Мывэ къуршым мэш трасэркъым.

● ГъэщІэгъуэнщ

Вагъуэ жыжьэ

Астрономэм зэрымыщІакІэ къалъэгъащ щІым псом нэхъэ нэхъ пэжыжьэ икІи сыт хуэдэ телескопкІи зэи гу зылъымытэну пасэрей вагъуэхэм ящыщ зы.

ТЕЛЕСКОП нэхъ ехьэжьа дыдэхэмкІи къэплъагъуфынкІэ хъунур ди Галактикэмрэ Галактикэ гъунэгъу зыбжанэмрэ я вагъуэхэрщ. Адрей жьжьэхэм щыІэхэр пшагъуэ гуэрэн кьаблэу фІэкІа кьиубыдыркъым. Мыбдежьым къэхъуащ - щІымрэ зи нурыр илъэс мелуан 12,9-кІэ щІым къэсыф къудей Галактикэ жьижьэ гуэрымрэ я зэхуакъм Галактикэ зыбжанэ щыІэтрихьащ. А зэхуэса хъуахэм я гравитацэ щытыкІэм нурым и бзийхэр иришэкІри (лупэхэм хуэдэу), ялъагъункІэ Іэмал зимыІам и нурыр хуэдэ минкІэ нэхъ им кьищІащ, «Хаббл» телескопым хуиту кьиубыду. Иджы щІэныгъэлІэхэм зрагъэщІэн хуейщ щІым и ныбжьыр иджыпсту зэдиэсам и проценти 6,5-рэ фІэкІа щымыхъу зэман лъандэрэ кьаблэ вагъуэм и щэхур.

● Гъуэгухэр

И кІэм нагъэсынущ

Вольнэ Аул - Хьэсэней - Джэрпэджэж - Къэщкъэтау автомобиль зекІуапІэм щыщу километри 3,8-рэ зи кІыхьагъэр щІыналъэм и гъэзгу фондым и ахъшэкІэ, кьызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж.

ІэщІагъэпІэхэм гъэгум жы техъухьа асфальтбетоныр трагъэкъэзыкІыжауэ, и лъабжьэр зыгъэбыдэ лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІ: пшахъуэрэ ятІэ быдэкІэ зэхэпщар траубэ, итІанэ мывэ кІэщхьрэ щІы дагъэкІэ зэхэгъэпцІыхьа асфальт-бетон ткІуаткІуэр тракІэнущ.

Хьэсэней кьуажэм и гугъу тщІымэ, Аттоевым и цІэр зезыхьэ уэрамым и машинэ зекІуапІэр зэрагъэпэщыж. Абы кьыдэкІуэу, Белинскэм и цІэр зезыхьэм деж щыщІэдзауэ Киевскэ зи фІэщыгъэм нэс щицухьку тель гъэуэгу дзэзгъэзэйм и щІэгъэкъуэнхэр зэрахъуэкІ, жьы хъуахэр зэрыта кумбхэр нэхъ кууужу щаубрурэ щагъэбыдэжу.

ІшцхьэкІэ зи гугъу тщІа километри 3,8-м асфальтыщІэ тІуащІэ «трабэзнуц», лъэс зекІуапІэхэр кьыщагъэпэрэщІэжынущ, «Т.7»-нэ светофорыщІэхэмкІэ зэгъэзэщІ зэпрыкІыпІэхэр щаубыхунущ, гъэугрыапщІэ Іуфэхэр мывэ гъэжаэмкІэ Іуагъэбыдыхьынущ.

Кьинэмыщ Іауэ, гъуэгуухуэхэм автомобиль зекІуапІэм гъэкІкъуэхьхэ и Іыхьэхэр зэрагъэпэщыжынущ, и щхьэфэм машинэ зэблэкІыпІэхэр зэрызэхэпІуэкуКІыфыну дамыгъэхэр трагъэжьхьынущ, шынагъэншагъэм тещІыхьа нагъыщэхэр зыхуэныкъуэхэм деж щагъэувынущ.

Гъэзгуухуэхэм я мурадщ бжьыхьэ дызыхуэкІуэр имыкІ щыкІэ пщэрылъ кьащІащІа псори и кІэм нэсу яГъэззэщІэну.

АЗЫЧЭ Бэллэ.

Зыкъытхигъэзэгъащ

Нидерландэм я биологхэм кьагупсысащ цІыхум и лъым пластик пкъыгъуэу зэхэр зыхуэдизыр кьызэрапщ Іэмэпсымэ.

АБЫ кьегъэлъагъуэ микромилиграмм 0,7 фІэкІа мыхъу полимер налъэ жьГъей дыдэхэм кьыщыщІэдзауэ. Къэхутэныгъэхэм хэтыну гупыж зыщІа цІыху 22-м я лъы зы миллилитрым биологхэм кьыхагъуэтащ пластик микрограмм 1,6-рэ.

ЩІэныгъэлІэхэм псом нэхърэ нэхъыбэу кьагъуэтар бащырыбзэкр, Іуданэ Іэрыщ зэІущахэр, зэ фІэкІа кьамыгъэсэбэп хьэкъущкъуэхэр кьызыхащыкІ полиэтилен, полиэтилентерефталат, стиролым и полимер пкъыгъуэхэрщ.

Биологхэм иджы кьапщытщ лъым хэт пластикыр цІыхум и узынщагъэмкІэ зэранрэ мызэранрэ кьахутэну. Псом нэхърэ нэхъ гъэщІэгъэныр, апхуэдиз зэманкІэ а пкъыгъуэхэр цІыхухэм кьайлыжьыу ирагъэшхауэ, абыхэм кьыхэщІыкІа щыгъынэмкІэ зэщхэхуэпыкІауэ, иджы ар сэбэпрэ зэранрэ зэхагъэкІыну иужь зэрихьарщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ГъащІэ теплъэгъуэ

ФІы щІэн, псым хэдзэ

Ди лъэпкъым и хабзэ дахэхэм ящыщщ зыхуэзэфІэмыкІым, тхьэмыщкІэм дэІэпыкъуэгъу хуэхъуныр. Іуэрыіуатэмэ тхыдэми кьыхощІж абыхэм я щапхъэ куэд. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэрей дунейм нэхъыбэу щытлъагъур нэгъуэщІщ, цІыхуэхэм Іэщ Іыб ящІ я адэжьхэм Іэщ Іыбгъуэгъэрэ яхэпщІыкІыр. Псалэжьэ ирикъуа щыІэ, хьэмэрэ фІы щІэныр емыкІыу кьалъытэу ара? Гурыіуэгъуэкъым щІыхуэр гущІэгъуншэ щІэхъуэр.

МЫ псалъэмакъым щхьэусыгъуэ хуэхъуар иджыблагъэ сызыІууа Іуэхугъуэрщ. Кьуажэм кІуэж автобусым ситІыхьэжат. Абдежьым псыІэфІ птулъкІэ иІыгъыу зы щІалэ гуащІэ-мащІэ кьыІухьащ. Ар ипэмкІэ ис щІалэм елъэІуащ птулъкІэм и щхьэр хутрихьну, ауэ модрейм зыри кьыжриІакъым. Щымыхьум, машинэм и «бжэ жыпым» дэлъ Іэмэпсымэхэм ящыщ кьищтэри, езым Іуикьыжну яужь ихьащ. АрщхьэкІэ и кьарур пэлъэщакъым. Абы хэту шофёрхэм ящыщ зы кьыІухьащ. «КхьыІэ, си птулъкІэм и щхьэр схуІх», - жиІэри щІалэм абыи зыхуигъэзащ. АрщхьэкІэ, адрейми абы и лъэІыр кьридзакъым, ар зэримылэжьыгъэр губжьауэ кьыжриІэри, ІуигъэзэкІыжащ. ЩІалэ тхьэмыщкІэм зыкъыпІэхьыри, нэгъуэщІ зэкІыпІэ щимыпІаГъуэ, птулъкІэм и щхьэр дзэкІэ тричыну яужь ихьащ. Ари кьыщемыхьупІэм, абы хуэмурэ Іуигъэзэкъыкъжащ. Абдежьым автобусым и кІэмкІэ щыс цІыхубзым ипэмкІэ щыс щІалэм зыхуигъэзащ: «Псы птулъкІэм и щхьэр а тхьэмыщкІэм хуІупхамэ, сыт ягъэ кІынт?» - жиІэри. ЩІалэм и жэуапри хьэзырыххэт: «Си хэт сэ ар, зыгуэр хуэсщІэну, хуеймэ и щхьэр ирегъэпсэуж!»

Дызэвгъэгупсысыж: фІы щІэныр благъагъэкІэ, цІыхугъэкІэ зэхадзу ара? «ФІы щІэн, псым хэдзэ», - жиІэкъэ адыгэ псалъэжьым. ГущІэгъуншагъэм нэхъ хьэл мыхъумыщІэ щыІэкъым. Ар узыфэ бзаджэм ещхьщ. Абы ди гъащІэм увыпІэ щеттмэ, дызыхуишэнкІэ хъунур уи нэгу кьыщІэбгъэхьэну щынагъэщ. ГущІэгъуншагъэщ зи Іэужьыр апхуэдизу сабий зеиншэ дунейм щІытетыр, жьы хъуахэр щапІыж унэхэр щыдиІэр. ЩІэблэм илъэгурщ ищІэжьынур. АтІэ, дэ сыт хуэдэ щапхъэ абыхэм едгъэльагъур? Дунейр щэхъущи, мэкІэрапхъэу. Нобэ дызыдэмыІэпыкъуэм и пІэ пщдэй е дыкъэзылъхуахэр, е ди бынхэр, е ди къуэш-шыпхъэхэр, е дэ езыр дыкъихутэнри хэлъщ. Абы щыгъуэм зыми и Іэ кьытхуимышІимэ, хэт абыкІэ дгъэкъуэншэнур? Кьуаншэр кьыщІэплъыхъуэн щыІэкъым, уи Іуэху дзэмыгъэкІами, хущІумытхъуэ. Уэ уи япэкІэ бгъэжа мывэм урихьэлІэжауэ араш...

Хьэуэ, ищхьэкІэ зи гугъу тщІа щІалитІым хуэдэ-кьым псори. Тхьэм и шыкуркІэ, щыІэщ иджыри цІыху гу пщІанэхэр, хьэлэлхэр. Абыхэм ящыщщ зэман дэкІыу ди автобусым ипэм дежь къэувыжа щІалэм и птулъкІэм и щхьэр хуІуэхъар. Хэт ищІэрэ, абдеж ар кьыщІыпхьажам и щхьэусыгъуэри птулъкІэм и щхьэр хуІуэзымыхахэм нэхърэ нэхъыфІ зэрыщыІэр, дунейр щыху гущІэгъуншэ защІэу зэхэзэрэзэхэмыпар кьаригъэщІэну арагъэнт. Дыгугъэнщ апхуэдэ щІыхуфІхэр нэхъыбэу...

Мыр ди гъащІэм щыщ зы тепщІагъуэщ. Апхуэдэ дапщэ дунейм кьыщыхьурэ? ГущІэгъуншагъэр икІи нэрымыльагъу Іущ щынагъэщ. Ар «къэзыщтар» щІыху тхьэмыщкІэщ псэкІи акъылкІи.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр хуогугъавэ сурэттех **Къарей Элинэ** и анэдэлъху **Чэрим Марат Борис** и кьуэр дунейм зэрехьажам кьыхэкІыу.

ЕгъэджакIуэ, щIэныгъэлI, философ Цагъуэ Нурий

Цагъуэ Айтэч и къуэ Нурий (1888 - 1935 гъгъ.) и цIэр зэхэзымыхарэ абы лъэпкъым хуилэжьам щымыгъуазэрэ къытхэту къыщIэкIынкъым. Ди щIэныгъэлIхэм ямытхауэ щIэщыгъуэ гуэри схужыIэнукъым, ауэ жанрым и хабзэхэм дытекIмэ, къагурымыIуэнри хэлъщи, иджыри зэ фигу къэзгъэкIыжынщ а лIы щэджащэм хузэфIэкIар.

НУРИЙ Щам щIыналъэм хиубыдэ Бир-Аджам къуажэ цIыкIум 1888 гъэм фокIадэм и 17-м къыщалъхуащ. Ар Урыс-Кавказ зауэжь лъэхъэнэм хэкур зрагъэбгына адыгэхэм я щIэблэм щыщт. Хэкум хуэлэжьэну къэзыгъэзэжа лIы Iущым хуагъэфэщащ совет жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэ, узэщIакIуэ цIэ лъапIэхэр. КъищынэмыщIауэ, ар хэтащ адыгэ алыфбейр зэхэзылъхьа гупым.

ЩIалэ цIыкIур илъэсих фIэкIа мыхъуауэ и адэ-анэр зэкIэлъхьэужьу дунейм ехыжри, Нурийрэ абы къыдалъхуахэмрэ къыхуэнащ я адэ къуэш, тыркудзэм и генерал Цагъуэ Екъуб. Абы и къуэш бынхэр екIурэ ещхьу ипIащ, IэщIагъэ-щIэныгъэ яригъэгъуэтащ. 1897 гъэм Нурий гимназием щIигъэтIысхьэри къригъэухащ, иужькIэ нэхъыфI дыдэу еджэ ныбжьыщIи 10-м яхэту 1907 гъэм щIагъэтIысхьащ Истамбыл университетым и юридическэ къудамэм.

А лъэхъэнэм ирихьэлIэу тырку меджлисым къыхилъхьащ Iуэху телъыджэ - Кавказым икIа мухьэжырхэр хуит къащIащ, Уэсмэн къэралыгъуэм КъурIэныр зэрыщадж тырку тхыбзэжьыр тегъэщIапIэ ящIу, адыгэ алыфбей зэхагъэувэну. Абдеж щыщIидзащ Цагъуэ Нурий и жылагъуэщэнхабзэ лэжьыгъэр.

«МэшхуэфI Умар, НэгъущI Суад, Мэт Изэт, Чунэтыкъуэ Мухьэмэд-Алий, Хьид Талхьэт, Агъэмыкъуэ Умар сымэ (иджыри зи цIэр сымыщIэж щIалэ зыбжанэ къытхэту) дызэщIыгъуу тырку-хьэрып тхыбзэмрэ латинымрэ къэдгъэсэбэпурэ адыгэбзэ алыфбейм елэжьын щIэддзат. КъищынэмыщIауэ, ди лъэпкъэгъухэр зыдэс къуажэхэм къыщызэрагъэпэщат лъэпкъ щэнхабзэм зыщрагъэужь IуэхущIапIэхэр», - итхыжащ Нурий иужькIэ.

А IуэхущIапIэхэм къекIуалIэхэм ахъшэ зэхадзэурэ, студент гупым зыщIагъакъуэрт, я лэжьыгъэр зэпымыун папщIэ. Апхуэдэу, 1910 гъэм къыдэкIын щIидзащ Цагъуэ Нурий зи унафэщI «Гъуазэ» газетыр. 1912 гъэм Нурий университетыр къиухащ. А лъэхъэнэращ абы Хьэцыкъ Мэжидрэ КIурашын Iэдэмрэ къыщицIыхуари. Хэкужьым къикIа щIалитIым Нурий Къэбэрдейм кърагъэблэгъащ, егъэджакIуэу щылэжьэну. Илъэс дэкIри, Нурий хэкум къигъэзэжащ, икIи Цагъуэхэ зыдэса Тамбий къуажэм (Дыгулыбгъуей) дэтIысхьэжащ. НэIуасэ къыхуэхъуа къэбэрдей щIалитIым зэрыжаIауи, Нурий щIыпIэ мыдрисэм лэжьапIэ къыщыхуагъуэтащ адыгэбзэмрэ хьисэпымкIэ егъэджакIуэу.

Нурий хэкужьым къызэригъэзэжрэ илъэсищ дэкIауэ, ар нэIуасэ хуэхъуащ Дым Iэдэм. ЛIы жыджэритIыр щызэрихьэлIэм, илъэс нэхъ дэмыкIыу къызэIуахащ япэ адыгэ тхылъ тедзапIэ. Абы къыщыдагъэкIыу щIадзащ адыгэ тхыбзэм, щэнхабзэм, экономикэм зегъэужьыным теухуа тхыгъэхэр зыгъэнахуэ «Адыгэ макъ» газетыр. Гулъытэ хэха хуащIырт IуэрыIуатэм: къыдэкIыгъуэ къэс газетым къытехуэрт нарт хъыбарыжьхэр, уэрэдхэр, жыIэгъуэхэр, къуажэхьхэр, псысэхэр. А лъэхъэнэм жылагъуэм нэхъ зиужьыжын щIидзати, лъэпкъылI куэд щызэхуэсырт Бахъсэн ЩэнхабзэмкIэ и IуэхущIапIэм. Ахэр тепсэлъыхьырт художественнэ литературэм, хьэрып алыфбейр тегъэщIапIэ ящIу ягъэпса адыгэ тхыбзэм зегъэужьын зэрыхуейм.

А мурадым хуэпабгъэ узэщIакIуэхэм я къарур зэхалъхьэри, 1917 гъэм Кушмэзыкъуей къыщызэрагъэпэщащ иджыри зы мыдрисэ. Абы щрагъэджырт тхыдэр, хьисэпыр, диныр, нэгъуэщIхэри. Цагъуэм игу илъат апхуэдэ еджапIэхэр Налшык къали къыщызэригъэпэщыну. Ауэ къызэщIэхъея революцэм къызэпиудащ узэщIакIуэм ирихьэжьа Iуэху щхьэпэр.

1919 гъэм Цагъуэр Налшык къалэ ираджащ «Адыгэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу. А къулыкъур мазэ фIэкIа зэримыхьауэ, Нурий редакцэм къыIукIыжащ, лъэпкъыр куэдкIэ зыщыгугъ, зэфIэкI хьэлэмэтхэр къызылъыкъуэкIа щIалэщIэ ЩоджэнцIыкIу Алий езым и пIэ иригъэувэри. 1924 гъэм ирихьэлIэу Цагъуэм лэжьыгъэ зыбжанэ зэдихьырт: абы ЛУГ-м, Налшык и курыт еджапIэ зыбжанэм адыгэбзэмкIэ щригъаджэрт, Тамбий къуажэ дэт курыт еджапIэм и унафэщIт...

«Ди адэр Уэсмэн къэралыгъуэм къыщалъхуащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, хэкужьым пэжыжьэу дунейм къытехьащ си адэри, абы и къуэшхэри. Дауэ къыпщыхъурэ илъэсих фIэкIа умыхъуу уи адэ-анэр пщхьэщыкIыну! Насып яIэти, адэ къуэшыфI къащхьэщытащ, щIалэхэр зыхуей хуигъэзащ, иригъэджащ. Узэрыщыгъуазэщи, си адэр 1913 гъэм Къэбэрдейм къигъэзэжащ, тегушхуэри. Дунейм къыщытехьар а щIыпIэ жыжьэрами, фIэхамэт ар ди адэм, и псэр мыбыкIэ къеIэрт. КъекIуэлIэжри, Тамбий хьэблэ дэтIысхьэжащ, и адэ къуэшым зи гугъу къыхуищIар Абазэхэти (нэхъапэм ягъэблагъэу, ягъэныбжьэгъуу щыта си гугъэт), абыхэм я деж щепсыхащ. Си анэри - Абазэ Хьэмкуц - къыщицIыхуар ащ. Си анэр еджатэкъым, щIэныгъи бгъэдэлътэкъым, ауэ хуабжьу цIыхубз IущIу щытащ. Уеблэмэ щыхьыджэбз дэсым чэнджэщакIуэ къыхуэкIуэрт, бгырыс цIыхубзхэм я зэхуэсхэм ирагъэблагъэу щытащ. Си адэ-анэр зэрыша нэужь, щIыхьэху защIэкIэ унэ-лъапсэ яухуэри, щхьэхуэу тIысыжащ, пхъуищрэ зы щIалэрэ зэдагъуэтащ: Жанпагуэ, Сэтэней, сэ, Хьэбыж. Дунейм сыкъыщытехьа жэщым хьэщIэ диIэт. Абы хьэщIагъэ ирахыу, ныжэбэ пщащэ къытхуалъхуащи, фIэпщыр и цIэщ, жраIащ. Тамарэ къысфIищащ хьэщIэм. Ди адэр щIэх дыдэу дунейм ехыжащ. Ар зэи уигу имыхуным хуэдэу цIыхуфIт. Ар апхуэдизкIэ цIыху щабэти, зы псэущхьэ егуэуэкIын дэнэ къэна, хьэпщхупщ нэгъунэ теувэнкIэ шынэу, и щхьэр къимыIэту, зрикIуэ гъуэгум еплъырт къыщикIухькIэ. СощIэж, зэгуэр лэжьапIэ къикIыжауэ къыхуэзащ куэбжэ цIыкIум деж щыс ди жэмым. Ар къимыгъэтэджын папщIэ, бжыхьым къыщхьэпрыпщри, къыдыхьэжат. Апхуэдэу щхьэ пщIа, жысIэу сыщеупщIым, ар хьейуанми, псэ Iутщ, щхьэ зесхуэн хуей унагъуэр дызыгъашхэр, жиIат. Хьэмэрэ, гувауэ нэкIуэжамэ, бжэ макъым дыкъимыгъэушын папщIэ, щхьэгъубжэмкIэ ныдэпщыжу щытащ. Сэ сысымаджэрилэт, сышхэгъуейти, сыхьэт бжыгъэкIэ къызбгъэдэсыфынут, къызэубзэу, къызэIущащэу, мы тIэкIур пшхымэ, узыхуейуэ хъуар къыпхуэсщэхунущ жиIэу.

Си шыпхъу нэхъыжьитIым еджапIэр къаухырти, абыхэми сахэплъэнщ, лэжьыгъэ IуэхукIэ къызэджащи, ари зэфIэзгъэкIынщи сыкъэкIуэжынщ жиIэри, пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджат ди адэр. ЩIымахуэм жьыуэ нэху щыкъым, зэрыжысIам хуэдэу, пщэдджыжь нэмэзым дыкъимыгъэушын щхьэкIэ, щэху дыдэу зигъэхьэзырри щIэкIащ. Си анэм иужькIэ жиIэжат мыпхуэдэу: «Нурий Iэуэлъауэншэу зигъэхьэзырами, зыгуэрым сыкъигъаскIэри, сыкъызэщыуащ. Абы ирихьэлIэу гу лъыстащ, ар щIэкIауэ, бжэр къызэрыришэлIэжым. СщIэркъым, щIыIэ-щIыIэу си гум зыгуэр къэкIри, щхьэ сыкIэлъыжэу къезмыгъэгъэзэжрэ жысIэу, сыкъэгузэващ, си гур пыхуащ, ауэ зыщхьэщызгъэуащ а гукъэкIыр». Ди адэр лъэсу къыдэкIащ къуажэм, Налшык нэс кIуэну машинэ къигъэувыIэу зригъэшэну. Бахъсэн узэрыкIуэ гъуэгум къыщысым зы машинэшхуэ къакIуэрт, кабинэм ихуэр ису, имыхуэр кузэм дэпщеяуэ. Ди адэм и узыншагъэр щIагъуэ дыдэтэкъым, жьы къыщIихуу исыфынутэкъыми, нэгъуэщI машинэ сежьэнщ, фыкIуэ фэ, яжриIащ. «ЩIакIуи, пыIэ хуаби илъщ мыбыкIэ, удгъэхуэбэнщ, зи цIэр ираIуэ Цагъуэ Нурий дригъусэу Налшык дыкIуащ жытIэу, тIуэтэжыну дрикъунщ, къакIуэ», - щыжаIэм, дэкIуеящ. ЗэрыжаIауи, щIакIуэр къытраубгъуауэ, щIауфауэ здэкIуэм, гъуэгу щтырыгъум машинэр тежщ, жыгым жьэхэуэщ, иридзэкIри, тIорэщэрэ щхьэпридзыжащ. Машинэм исауэ хъуар къридзащ, псори зэплъыжри, зыми зыри я лажьэтэкъым, ауэ ди адэр лъэныкъуэкIэ щылът, зимыщIэжу. Машинэ блэж къагъэувыIэри, сымаджэщым нагъэсащ, ауэ зыри яхуещIакъым и щхьэм игъуэта фэбжьым. Сыхьэт бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу и псэр хэкIащ», - апхуэдэу игу къегъэкIыж и адэр Нурий ипхъу нэхъыщIэ Тамарэ.

Цагъуэ Нурий и бынхэм я адэм и лъагъуэр ягъэгъуэщакъым, къащхьэщымытыжми: ипхъу нэхъыжьыр акушеру Хьэмидие щылэжьащ, курытыр и адэм хуэдэу егъэджакIуэт. Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям щыгъуэ, хъыджэбзхэм я щхьэгъусэхэр зауэм кIуащ. Нэмыцэ хьэщхьэрыIуэхэм бзаджагъэ куэд зэрахьэу, цIыхубзхэм лей ирахыу абыхэм я анэ гумащIэм зэхихати, дылIэмэ - дызэгъусэу дылIэнщ, дыкъелмэ дыкъелащ жиIэри, и пхъуитIыр, я сабийхэр ящIыгъуу, къишэжащ, я закъуэу унэм щIэсти. 1942 гъэм и шыщхьэуIу мазэм нэмыцэр Бахъсэныпс адрыщIкIэ къэтIысауэ, советыдзэр Дыгулыбгъуей дэсу зэхэуэрт. А махуэм зэхэуэр нэхъ гуащIэу къызэрехьэжьати, я гъунэгъу хъыджэбз къекIуэкIар димыгъэкIыжу, ари, мыдрей сабийхэри щIыунэм иригъэхащ Хьэмкуц. АдэкIэ къэхъуар зыми къыгурыIуакъым, и ажал зыхэлъыр арагъэнт - псори игъэпщкIури, езым жэмыр къэсшынущ жиIэщ, пэгунышхуэ къиштэри, пщIантIэм дэуващ. Асыхьэту къэлъэта лагъымыр къытехуэри, Нурий и щхьэгъусэр иукIащ.

Нэхъыжьхэр зэпэщ хъуами, Тамарэт зи къэжэпхъыгъуэри, зауэ нэужьым, 1946 гъэм, Налшык къалэм дэт интернатым щIэтIысхьащ. Ар къызэриухыу, МГУ-м Кавказ къудамэ къыщызэIуахауэ зэхихати, абы кIуащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, а къудамэр зэфIыхьатэкъыми, и гум Iэпих нэгъуэщI гуэрым щIагъэтIысхьэну къыщыхуагъэлъагъуэм, Тамарэ тхыдэ къудамэр къыхихащ. ЕджапIэр къиухри, институтым и лэжьакIуэу къыщынауэ, тхыгъэшхуэ къыдигъэкIат абы зэгуэр. А тхыгъэр зэдзэкIауэ Тыркум нэсыжащ. Цагъуэ унэцIэр щилъагъум, институтым къэтхащ Истамбыл дэс и адэ къуэш нэхъыщIэ Фазил. Алъандэрэ хэкужьым зыгъэзэжа я къуэшым и хъыбар зымыщIа и благъэхэр апхуэдэу къигъуэтыжащ бзылъхугъэм.

Езы Нурий гъащIэ машIэу къыщIэкIами, лъэпкъым хуэлэжьэн, и цIэр фIыкIэ зыгъэIун щIэблэ дахэ къыщIэнауэ къыщIэкIат. Зэман хьэлъэ халъхуами, гугъуехь жыхуаIэр нэсу игъэунэхуами, щхьэгъусэ пэжрэ бын дахэкIэ къыхуэупсэжат абы гъащIэр.

ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъа лIы Iущыр и тхыгъэхэм щытепсэлъыхьырт адыгэр къыщежьам щыщIэдзауэ и псэукIам, Адыгэ хэкум и гъунапкъэхэр здынэсу щытам, лъэщIыгъуэ куэдкIэ гупсэхугъуэ жыхуаIэр имыщIэу, и щхьэр ихъумэжын папщIэ зауэ-банэм хэмыкIыу къызэрыгъуэгурыкIуам, нэщхъеягъуэм нэщхъеягъуэр къытехъуэурэ, адыгэм и тхыбзэр зэрыIэщIэхуам, нэгъуэщIхэми. «Гъэсэныгъэ зэрытхэмылъыж лъандэрэ ди хэку дисыжынщ, дыжылэнщ жытIэжыркъым. Ди жылэ, ди щIапIэ, ди хапIэ тхъумэнщ жытIэркъым. Абы и фIыгъэм ди зэхэщIыкIыр лъэIэсыркъым. Дунейр къызэрыхьу лъандэрэ ди адэжьхэм, ди лъэпкъыжьым къащIэнауэ, зыми залымыгъэкIэ къытедмыхауэ, зыми къыфIэдмытхьэкъуауэ диIэ ди Iыхьэ хьэлэмэтыр тхъумэн зэрыхуейр тщIапхъэщ...

Жылэм и зы ныкъуэр хамэщIым къыщынащ, и зы ныкъуэр зауэм ихьащ, и зы ныкъуэри Европэм Iэпхъуащ, апхуэдэурэ ди бжыгъэри, ди жылэ къарури машIэ хъуащ», - лъэпкъым натIэ хуэхъуам иригузавэу итхырт Цагъуэм. Аракъэ-тIэ, нобэми ди Iуэхур зытетыр?!

Бзэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ХьэкIуащэ Андрейрэ тхакIуэ, усакIуэ Къалмыкъ Аднанрэ зэхагъэува «Тхыгъэ къыхэхахэм» уриплъа нэужь, наIуэ пщохъу Цагъуэ Нурий, егъэджакIуэу, тхыдэджу зэрыщытам и мызакъуэу, зи гупсысэр кууэ къыщIэзыгъэлъэ узэщIакIуэу дызэриIар. Шэч хэлъкъым, имычэзууэ дунейм емыхыжатэмэ, уей-уей жезыгъэIэ философ цIэрыIуэхэм къызэранэкIа лэжьыгъэм хуэдэкIэ Нурий адыгэ лъэпкъым къытхуэупсэну Iэмал зэриIам.

ФЫРЭ Анфисэ.

IIэкъым ужьых адыгэ макъым

Хьэрып дунейм щыцIэрыIуэ «Vogue Arabia» журналым иджыблагъэ адыгэхэм тыгъэ дахэ къахуищIащ - фокIадэ мазэм ирихьэлIэу дунейм къытехьэ къыдэкIыгъуэр зэрыщыту Иордание пащтыхьыгъуэр псэупIэ зыхуэхъуа адыгэхэм ятриухуащ.

ЖУРНАЛЫР къыдэкIын ипэ игъэIуа хъыбарым къызэрыхэщымкIэ, бжьыхьэпэ къыдэкIыгъуэр хамэщI щыпсэу адыгэхэм, псом хуэмыдэу Иорданиер етIуанэ хэку зыхуэхъуахэм, я дуней щхьэукIэплъыкIэм, абыхэм я тхыдэ къулеймрэ щэнхабзэ телъыджэмрэ, цIыхугъэмрэ дуней тетыкIэмрэ ехьэлIащ. «Адыгэхэр бгы уардэхэмрэ щIыгулъ бэвхэмрэ я лъахэм, Хы ФIыцIэм и ищхъэрэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэхэм къегъэщIылIа хэгъэгъум къикIащ. Урысей пащтыхьыгъуэм адэжь хэкур лъэщыгъэкIэ зригъэбгына лъэпкъым сыт хуэдиз гугъуехь и фэ дэкIами, хэкIуэдэжакъым, и бзэрэ и лъэпкъыщхьэрэ ихъумэжыфащ. Лъапсэрыхым и архъуанэм ирихьами, лъэпкъ дахэм хузэфIэкIащ и пшыналъэ хьэлэмэтлажьэхэр имыгъэужьыхын, и IуэрыIуатэ бейр зыIэщIимыгъэхун, зи хуэдэ щымыIэ къафэхэр къызэтринэн. Адэжь щIэиныр псэхэлъхьэж икIи гугъэмыгъэкIуасэ зыхуэхъуа лъэпкъым етIуанэ гъащIэ щигъуэтыжащ Иорданием, Амман и Iэгъуэблагъэм. Абдеж абыхэм къыщызэрагъэпэща хасэхэм кIуэдыпIэ ихуа адыгэ гъащIэм и нэхэр щIэрыщIэу къигъэплъэжащ...»

Адыгэ хэхэс дунейр къызэрымыкIуэу инщ. Ди лъэпкъэгъухэм нэхъыбэу ущрихьэлIэ Тырку, Щам, Иордание, Израиль къэралыгъуэхэм тхыдэ гъэщIэгъуэн щызэрагъэпэщащ, я цIэр фIыкIэ къыщрагъэIуащ, пщIэшхуэ зыщыхурагъэщIащ. Апхуэдэ фIэлIыкIыр абыхэм къахуэзыхьар, псом япэрауэ, зэрыхуа щIыналъэхэм пэжу икIи къэмылэнджэжу зэрабгъэдэтарщ, кърагъэз дзыхьым хуэсакъыу къызэрекIуэкIарщ. Дэнэ щыпIэ къыщыщIидзами, адыгэр сыт щыгъуи захуагъэм и телъхьэ, гъунэгъу хьэкъымрэ зеиншэ хьэкъымрэ я щыжакIуэ хъурт. ЦIыхугъэм и мардэхэр лъапIэныгъэу къэзылъытэ лъэпкъым и дуней тетыкIэр ахэр къэзылъагъу жылэхэм щапхъэ яхуэхъуащ, «шэрджэсым хуэдэщ» жыIэгъуэр щытхъушхуэ къызэрыкI псалъэу я бзэм хыхьащ.

«Vogue Arabia» журналым зэритхымкIэ, адыгэхэм я лъапэр Иорданием къыщрашия далэм къыщегъэжьауэ зэрызэкъуэтымкIэ икIи зэрызахъумэжымкIэ, я щхьэ къезыхьэлIами псэемыблэжу зэрыбгъэдэтымкIэ щIэх я цIэр щIыпIэм щызэлъащIысащ. «Vogue Arabia» журналым къехь Иорданием кIуа адыгэхэм яIэ пщIэр къызэралэжьа щIыкIэм и тхыдэ кIэщIыр. Япэ гупыр, шапсыгъхэр, иджырей Амман къалэм и Iэхэлъахэм 1868 гъэм къекIуэлIащ. Балкан щIыналъэм щекIуэкIа лъапсэкIуэд зауэм и мывэщхьэлым къыдидзыжа машIэм ящыщт ахэр. Абыхэм яужькIэ мы щIыпIэм къэкIуащ къэбэрдейхэр, бжьэдыгъухэр, абазэхэхэр. ИорданыщIыр а лъэхъэнэм Уэсмэн пащтыхьыгъуэм иIыгъти, Iэмал зэриIэкIэ адыгэхэр зауэрэ быръсыррэ здэщымыIэ щIыпIэ щигъэтIысынутэкъым - бэдэуийхэмрэ друзхэмрэ япэщIигъэуващ. ЩIыпIэм къиихьа адыгэхэм ахэр щыгуфIыкIакъым: япэ илъэс 30 - 40-м зауэ-банэм хэту екIуэкIащ. ЩытыкIэр нэхъ зэтес щыхъуар Иорданиер Уэсмэн пащтыхьыгъуэм къыхэкIыу, Инджылызым и жьауэм щIэту къэралыгъуэу зэфIэува нэужьщ. Хьэшим лIакъуэм къыхэкIауэ, Мухьэмэд бегъымбарым и щIэблэм щыщу Хъусен и къуэ Абдулыхь пащтыхьыгъуэщIэм и тет хъуну къыщыувым, ар бэдэуийхэм ямыдэу къызэрыIэтат. ПшахъуэщIым къыкIуэцIрыкI пащтыхь щауэр якIыну къызэрыхь бэдэуийхэм адыгэхэр япэуващ, шу плIыщI хуэдиз хъууэ. Абыхэм Абдулыхь къаухъуреихьри зэрызехьэм къыхашащ, хъума хъун папщIи Амман къашащ. 1923 гъэм бэдэуийхэм пащтыхьыгъуэщIэ къэунэхур ямыдэу зыкъаIэтащ. АрщхьэкIэ мызыгъуэгуми адыгэхэр Абдулыхь къыкъуэуващ, Истамбыл къикI тыркудзэм бэдэуийхэр зэбрихухункIэ зэхэуэри увыIакъым. ТетыгъуэрзыIэрыхьа пащтыхь щIалэм адыгэхэм къыхуащIар щыгъупщакъым. Абы адыгэхэр щхьэхъумэ ищIащ, и сэрейри Амман къихьащ. Щамрэ Мэчрэ зэпызыщIэ гъущI гъуэгу зэблэкIыпIэм деж щыс адыгэ къуажэм псынщIэу зиужьу хуежьащ, мыгувэуи къэралыгъуэщIэм и щыхьэр хъуащ. Абдулыхь деж къыщегъэжьауэ пащтыхьхэм я щхьэхъумэу къыхахыр адыгэхэращ. Пащтыхь сэрейм и щIыхьэпIэм деж щыту нэтынхэм къигъэлъагъуэ, адыгэ фащэр къызыщылыдыкI щIалэ бжьыфIэхэр мис а шухэм, зэгуэр хэкур лъэщыгъэкIэ зрагъэбгынахэм я щIэблэщ.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, Иордание пащтыхьыгъуэм адыгэу мини 120-м нэблагъэ щопсэу. Пасэрей къутахуэхэм къыхащIыкIыжа, нобэ къалэшхуэ хъуа Амман къищынэмыщIауэ, адыгэхэм яухуащ Джэраш (къэбэрдейхэр), Уадисир (шапсыгъхэр, бжьэдыгъухэр, абазэхэхэр), Нэхьур (бжьэдыгъухэр, шапсыгъхэр), Рысейфэ (къэбэрдейхэр), Сыуейлыхь (къэбэрдейхэр), Мухьиджирин (къэбэрдейхэр) къуажэхэр. Иорданием щыIэщ Заркъэрэ СухьнэкIэ зэджэ шэшэн къуажитIи. Зи цIэ къитIуа жылагъуэхэр нобэ къалэм и хьэблэ хъужами, а щIыпIэхэм иджыри Iуву ди лъэпкъэгъухэр щопсэу, хасэхэр щаIэщ, зэхуэсыпIэхэмрэ уэршэрыпIэхэмрэ куэду къыщызэрагъэпэщ. Адыгэхэм яIэ пщIэм къыхэкIащ Амман и курыкупсэм ит, пащтыхь щауэ Хьэмзэ и цIэр зезыхьэ Адыгэ еджапIэшхуэр. Мыбы щоджэ ди лъэпкъэгъухэм я щIэблэр, щызэрагъащIэ адыгэбзэр, Адыгэ Хабзэр, лъэпкъ щэнхабзэр.

«Vogue Arabia» журналыр топсэлъыхь Иорданием щыпсэу адыгэхэм ящыщу къэралым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа цIыху цIэрыIуэхэм. Апхуэдэу абыхэм къахэкIащ дуней псом къыщащIэ къэрал къулыкъущIэхэу Хьэбжокъуэ Саид Муфтий, Бабыгу Исмэхьил, Бырмамыт Мэхьир Фуаз, Гъутокъуэ Исмэхьил, Къандур Изэт, Сэбаншы Дукъан, дзэпщ цIэрыIуэхэр. Абыхэм ящыщщ Шурдымхэ Ихьсанрэ ТIахьсинрэ, Хъупщ МыIумин, Дэдэхъу Мухьэмэд, Бэрзэдж Тарекъ, тхакIуэхэу Къандур Мухьэдин, Iэпщацэ Зэхьра, Хъунагуэ Надие, Жэрыщты Жансет, щIэныгъэлIхэу ЩауэфI Ани, Борэн Ахьмэд, Мэшыкъуэ Зэчий, Iумэт Хьэсэн, нэгъуэщIхэри.

Иорданием ит адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэрепх Адыгэ ФIыщIэ Хасэм. Хасащхьэм хэтщ зэгуэр къуажэу щытауэ, иджы Амман и хьэблэ хъуа жылиблым я хасэ тхьэмадэхэр. Мыбдеж ди лъэпкъэгъухэр къыщызэрагъэпэщащ дунейм щынэхъ ин дыдэ, адыгэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ятещIыхьа тхылъ хъумапIэмрэ дэфтэр хъумапIэмрэ - бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къыдэкIауэ абы хэлъщ тхылъ мини 100-м щIигъу. Адыгэ ФIыщIэ Хасэм мазэ къэс зэ къыдегъэкI «Нарт» журналыр. А фIэщыгъэ дыдэр зиIэ телевиденэри егъэлажьэ. Абы къищынэмыщIауэ, Иорданием жыджэру щолажьэ Нэхъыжь хасэр, Бзылъхугъэ хасэр, Ныбжьыщ Iэ Хасэр.

Журналым къыщыхьащ Иорданием щыпсэу адыгэ цIыхухэм я псэукIэмрэ я дуней тетыкIэмрэ къызытещ сурэт плъыфэбэхэр, къыщыгъэлъэгъуащ лъэпкъым и щэнхабзэр нэгум къыщIэзыгъэувэ теплъэгъуэ хьэлэмэтхэр. Журналыр дунейм къытехьэнымкIэ жэрдэмыр къызыбгъэдэкIхэм зэрыжаIэмкIэ, адыгэхэр Иорданием и тхыдэм гуэх имыIэу епха лъэпкъщ, ахэр хэмыту а блэкIар уи нэгум къыпхущIэмыгъэхьэну, апхуэдэ дыдэуи жылагъуэ-экономикэ гъащIэми и зы унэтIакIуэщ, арыншэу абы зиужьынкIэ Iэмал имыIэу. Иорданием и IэтащхьэмадыгэхэрзибзэрэщэнхабзэрэзиIэ,хьэрыпхэм къащхьэщыкI лъэпкъ щхьэхуэу къелъытэ, абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным и шэсыпIи йоувэ.

«Данэмрэ къэуцымрэ дыхэсми, дыхэхэсщ. Хэкужьыр зэгуэр я щIэблэм зэрагъуэтыжынум епха хъуэпсапIэхэм хъыбарыбэр тражыIыхьурэ ди нэхъыжьыфIхэр дунейм ехыжащ. Дызыхэсым пщIэ къытхуащIми, дыщыпсэу щIыпIэм ди Iуэхухэр щыдэкIми, дыкъыщыхъуа Адыгэ Хэкур ди плъапIэщ, аращ дэ къару къыдэзытыр, дыщыIэну гукъыдэж дэзыгъэщIыр, щIыбагъ дызэриIэр тщимыгъэгъупщэу дунейм дытезыгъэтыр. Ди макъыр Хэкуращ зымыгъэужьыхыр», - жеIэ зы нэхъыжь. Дуней псом зэлъащIысыну журнал цIэрыIуэм Хэку хъуапсэр зэрымыужьыхар уи лъэпкъэгъум жриIэныр хэкурысым и пщIэр лъагэу зыIэт щхьэусыгъуэ ирокъури, абы хуэфэщэн Тхьэм дищI, езы журналри гъуэгу махуэ Тхьэм тригъэувэ.

ТАБЫЩ Мурат.

Жыгым хъыбар къыдегъэащIэ

Налшык и къалэ сымаджэщым и дыхьэпIэхэм ящыщ зыр Головком и цIэр зезыхьэ уэрамым хуозэ. БлэкIми къыблэкIыжми я нэм къыфIэнэу абдеж дыдэм щытщ жэнэт мыIэрысэкIэ (райские яблоки) зэджэм хуэдищ. Абыхэм гъэкIэ апхуэдизу куэд къапокIэри, жыг щIагъыр плъыжьыгъэу фIэкIа плъагъуркъым. Ауэ щыхъукIэ, ахэр нобэ къежьа гибрид лIэужьыгъуэхэм яхуэдэкъым, нэхъапэм хаса жыгщи, къыпыкIэми а щымыIэж мыIэрысэмэ гуакIуэр щоу. Хэт ищIэрэ, а жыгыжь къэнэжахэр кIуэдыжмэ, апхуэдэхэр дунейм тетауэ къыдэкIуэтей щIэблэм ямыщIэххэнри Iуэхум хэлъщ, адрей ягъэкIуэдыжахэм ещхьу.

ГЪАТХЭР къэсу, а жыгым гъэгъэн щыщIидзэм, къудамэхэм ящыщ куэдыр нэщIу къэнащ, зыхуэпхьынур умыщIэу. Иджыпсту зи хъугъуэ нэмысауэ пыт мыIэрысэ джабэплъ цIыкIухэр хуэм-хуэмурэ къыпылъэлъу хуежьащ. Жыгым апхуэдизу егуэуэнкIэ хъуар гурыIуэгъуэкъым. Абдежым гур здэкIуэр зыщ - а уэрамыр зыгъэкъабзэхэм бжьыхьэм уэру къыщIэлъалъэ пхъэщхьэмыщхьэр зэщIамыпхъэнкIэн щхьэкIэ, ямыгъэгъуауэ пIэрэ? Апхуэдэ гуэр хэмылъмэ, зэуэзэпсэу жыгищми зэуэ апхуэдэ щытыкIэ ягъуэтыныр фIэщщIыгъуейщ. Иджы зекIуэ коммунальнэ хабзэхэмкIэ ахэр къибупщIыкIыу ядэнукъым, атIэ къанэр жыгхэр зыгъэгъу препаратхэмкIэ «елэжьынырщ», зыми гурыщхъуэ ямыщIын хуэдэу. Жыгым къатехьэлъагъэнкIи мэхъу хуабейуэ екIуэкIа гъэмахуэри...

Жыгым зы лей гуэр къызэрытехьэр мы махуэхэм езым нэрылъагъу дыдэ къытщищIащ - фокIадэм ипэ махуэхэм ар нэху къекIащ мыIэрысэ мы гъэм къызыпымыкIа къудамэу хъуар гъатхэм хуэдэу зэщIэгъэгъауэ. ЩIыуэпсым езым и бзэ иIэжщ, цIыхум гу лъитэ закъуэмэ. Къалэм дэт щхъуантIагъэхэм кIэлъыплъ коммунальнэ хозяйствэм и лэжьакIуэхэм абы гу лъатэу жыгым еIэзэну пIэрэ?

Фэри фрихьэлIауэ къыщIэкIынщ пщIащэ пылъэлъыжыгъуэм, къызыхэкIари къыпхуэмыщIэу, мыIэрысейхэм, кхъужьейхэм гъэгъа зэрыIыгъ зыбжанэ къапидзэу. Апхуэдэу урохьэлIэ шыкIуртIымей, мэжджыт жыг гъэгъахэм. Нэхъапэм нэхъыжьхэм «жыгыр зыгуэрым игъэщтагъэнщ», - жаIэрт. Языныкъуэхэм гъэ щIэкIа дэшхуейм и къудамэхэр чы къуэрагъкIэ яудынырт, щтапIэ ихуа жыгым гъатхэм куэду къыпыкIэн щхьэкIэ.

ЩIэныгъэлIхэм дызэрыщагъэгъуэзамкIэ, зи гугъу тщIар щIыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэми къыхокI. Дауэ хъуми, нэхъыжьхэм жаIам тохуэж: «стресс» щытыкIэ гуэрым жыгыр итщ, ирехъу ар хуабае е щIыIэ уае. Зи гугъу тщIы жыг цIыкIухэм я щытыкIэм къежьапIэ хуэхъуар арамэ, зэманкIэ езырезыру зыкъаужьыжыну къыщIэкIынщ, ауэ иджыпстукIэ жэнэт мыIэрысэр къэмыувыIэу мэгъагъэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЩIэблэм я узыншагъэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щокIуэкI «Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщIэ» фIащауэ наркотикым зэрыпэщIэт Iуэху.

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъакIуэм кIэлъыплъынымкIэ и управленэм щекIуэкIащ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт штабым и зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум и етIуанэ Iыхьэр Къэбэрдей-Балъкъэр Рсепубликэм зэрыщрагъэкIуэкIыну щIыкIэм.

Iуэхур IыхьитIу гуэшауэ йокIуэкI: щIышылэм и 19-м щыщIэдзауэ накъыгъэм и 15-м нэс, фокIадэм и 1 - дыгъэгъазэм и 15 пIалъэм къриубыдэу. Абы хэтщ Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэр, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ, Узыншагъэр хъумэнымкIэ, ЩэнхабзэмкIэ, Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ, ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ, СпортымкIэ и министерствэхэм я лIыкIуэхэр.

Псори зытеухуэжар наркоманиер щымыIэным сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи пэщIэтыным, адэ-анэхэр, егъэджакIуэхэмрэ жылагъуэмрэ а Iуэхум къыхэшауэ, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ гъащIэ узыншэм хэущиинырщ.

«Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщIэ» лэжьыгъэр нэхъыбэу щекIуэкIынущ еджапIэхэмрэ сабий унэхэмрэ. Iуэхухэм хэтынущ спортсмен цIэрыIуэхэмрэ республикэм щэнхабзэмкIэ и лэжьакIуэхэмрэ.

Мы лэжьыгъэм хыхьэу къапщытэнущ сату щIапIэхэмрэ аптекэхэмрэ, балигъ мыхъуахэмрэ щIалэгъуалэмрэ куэду щызэхуэс щIыпIэхэр. Республикэм и нэгузегъэужьыпIэхэм хуит ямыщI хущхъуэхэкIхэр хабзэм ебакъуэу щащэмэ, балигъ мыхъуахэм наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ щызэрахьэлIэмэ къыщIэгъэщынырщ къалэну зыхуагъэувыжыр.

Наркотикхэр зэрызэрагъакIуэм кIэлъыплъынымкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм фигу къегъэкIыж: хабзэм къемызэгъыу наркотикхэкIхэр зэрырагъэкIым (щащэ щIыпIэхэм, ахэр игъэкIыным пыщIа цIыхухэм, наркотикхэм ятеухуа хъыбархэр къыщралъхьэ интернет-ресурсхэм) фыщыгъуазэмэ, полицэм хъыбар евгъащIэ хъунущ 02 е 102 телефонымкIэ, апхуэдэуи фыпсалъэ хъунущ КъБР-м щыIэ МВД-м и плъыр частым: (8662) 40-49-10 е дзыхь зрагъэз телефонымкIэ: (8662) 49-50-62, - къет КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Дэрэжэгъуэм и лъэс лъагъуэ

Психъуэ лъэгур нэщIщ, хъущIэрэ шафэ утхъуауэ гъэмахуэ псом къеха псышхуэр, бжьыхьэм и даущ мамырым зыдищI хуэдэ, щIидзауэ щIоIущэщыкI. Псым купрауз плъыфэ къыщIыхьауэ нэху къекIащ. А зы мардэм тетщ игъащIэм - шыщхьэуIум и 26-м щIыхупсу зиукъэбзауэ нэху къокI Псыгуэнсу, мывэу хэлъыр нэ джыджым щыпсыпсу.

УПЛЪЭМЭ, уолъагъу Вындыб мэз джабэр. Зи лъащIэр кхъужьей гуэрэну игъуэлъыкI а щыхупIэ задэрщ, абдежым къыхэлъэта мэз джэдым игъэщта шыр щIэлъэту, Iэдииху щиукIауэ нэхъыжьхэм яIуэтэжыр. Зэ еплъыгъуэкIэ гу лъыптэркъым ар зэрышынагъуэм, алэрыбгъум хуэдэу Iуву зэхэт жыгхэмрэ къуацэхэмрэ щыхупIэр апхуэдизу къыщIэмыщу ягъэпщкIури...

Псыр нэхъ зыпыIудза, абы къыхуэплъэ адрыщIыр бгы удзыпцIэ дахэщ, мамыщ цIыкIухэм я хъупIэу. Жанхъуэтхьэблэр абдежым зэрытIыс лъандэрэ, мис иджыпсту къощтэх жыпIэу, а бгым и курыкупсэм хуэзэу, мывэ фIыцIэ зэрамыщIэжь кIэрылъщ. Бгыр машIэу къыщрилъэсэхи къеха мывэмрэ пшахъуэмрэ, зэман дэкIыу, удзым щыщIиуфэжи, блэкIам и щэхуу хъуар зыхъумэ «абрэмывэр» а и пIэм илъщ, зыми хуэмыгъэхъейуэ.

Къуршхэм уахуэкIуэу лъэбакъуэ тIощIырыпщIкIэ удэкIуэтеймэ, псы щхьэлышхуэ тетащ. «Iэмзи и щхьэлт» абы зэреджэр, ар зей щхьэлтет дадэм и цIэр пыту. Сыт щIа щхьэлыр зэрыщымытыжрэ, уеблэмэ ар здэщыта щIыпIэр тафэ удзыпцIэ хъужащ, ар ягъэлэжьэн щхьэкIэ Псыгуэнсу псым къыхэкIыу щхьэдагъэуэхауэ щыта псыпыжри щIыгъуу. Абы лъандэрэ абдежым къинауэ итщ псы Iуфэм Iута щихур. ЖыгыщIэ лантIэ цIыкIут ар а зэманым - иджы зи щхьэкIэм унэмыплъыс жыг абрагъуэщ. Абы и ныбжь щихухэр гъужу зэращыгъупщэжрэ Iэджэ щIащ. Мыр а зэрыщхъуантIэщ - псыхъуэм псыр пэрыхьэту зэрыщигъуэтыр арагъэнщ. Куэд зылъэгъуа щIыуэпс тхыдэщ ар, джабэ нэкIум лъэныкъуабэу кIэрыт кхъужьей жыгыжьри щIыгъуу.

... Щхьэлыр зытет псым и Iуфэм щригъажьэрти, джабэ удзыпцIэм къыкъуэмыщу кIэрыту лъагъуэ бгъузэ цIыкIу бгым дэкIырт, щыгу дыдэм иIэ уэхым зыкъуигъэпщкIуэжу. Абдежым, я унащхьэхэм фIэкIа къыкъуэмыщу унэ зыхыбл тетщ. А хьэблэрщ дадэри щыпсэур. Щхьэлыр хуэщIауэ нанэ щрихьэлIэкIэ, а лъагъуэм дытету щыгум дыдэкIырт, Iэмзи деджэну. А лъагъуэ цIыкIур апхуэдизу щIэIузэр дадэм и закъуэ фIэкIа зэрыщыземыкIуэр арауэ къысфIэщIырт. АрщхьэкIэ, сыт щыгъуи гъуэгум и зэхуэдитIым езыр къехыжу дыщыIущIэрт абы. Сэ си нэ къикIырт аддэ щыгум нэс дыдэкIыу, абы щыIэм сеплъыну. Абы лъандэрэ лъэс гъуэгу щэху цIыкIухэр, пэсщI щымыIэу, фIыуэ солъагъу икIи ахэр къыщызолъыхъуэ шыгъуэгу хадэхэм, бжыхь джабэхэм, псыхъуэ лъэгухэм. Абыхэм я дэтхэнэми теуви, кIуэцIрыкI, уздашэм нэс... дэрэжэгъуэм и лъагъуэщ ахэр.

Iэмзи иужьым диту щхьэлым къыдогъэзэж, пхъэбгъу зэIулIа Iувышхуэм къыхэщIыкIа бжэр Iуехри, къыхуэкIуахэр гуапэу дыщIешэ. Утыкушхуэм жэщми махуэми, макъыщхуи ямыщIу, щызэрышхырт щхьэл мывэжьитIыр, къекIэрэхъуэкIыгъуэ къэс хьэжыгъэ хуабэр къаIурыщэщу.

- Нобэ нартыхур измыкIутэмэ къэхъун Iа, тIу ? - гуапэу къоплъ ар нартыху пэгуныр езыгъэувэха нанэ, - мывэхэр сыуIуа къудейщи, хэт ищIэрэ, хьэжыгъэм мывэ кIэрыщ цIыкIу кIуэмэ жызоIэри аращ ... Псыхъуэ нэщIым иджыри къыщыIу хуэдэщ щхьэлтет дадэм и макъыр. Зэрыщыту хужьт ар, и упщIэ пыIи, и пащIэшхуитIри, кIэпхын кIыхь Iупхъуам къыщIэщ шырыкъу щабитIри. Хьэжыгъэ хужьыбзэр емыудауэ абы и теплъэр нэгъуэщIу щытын хуейуэ си нэгу къысхущIэгъэхьэртэкъым...

Шыгъуэгу хадэм хэлъ куэбжэр къыIутхри, ихъуреягъым зыщытплъыхьа къудейуэ арат дунеяплъэр зэрыхъур. Апхуэдэ щIыпIэ дапщэ щыIэ къуажэ, жылэ, хьэблэ къэс. Дэтхэнэ зы цIыхумкIи а лъэбакъуэ тIощIырыпщIым нэхърэ нэхъ лъапIэрэ нэхъ инрэ щыIэнкъым.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Гъуазджэ

Лъэпкъ щIалэгъуалэ театрым и гъэсэнхэм я тхылъхэр иратыж

Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм сертификатхэр щратыжащ «Сыринэ» ялэ адыгэ щIалэгъуалэ театр студием и гъэсэнхэм. Илъэситі ипэкIэ курсым щIэтIысхьа цIыху 15-р зыпэплъа дипломхэр къаIэрыхьэжащ.

АДЫГЭБЗЭР, адыгэ хабзэр, щэнхабзэр хъумэным зи лэжьыгъэр теухуа «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым 2020 гъэм къызэIуиха театрым увыпIэфI щиубыдащ республикэм и щэнхабзэм, театр гъуазджэм, егъэджэныгъэм. Фигу къэдгъэкIыжынщи, фондым и кьалэн нэхъыщхьэр адыгэбзэр, лъэпкъ щэнхабзэр хъумэныщ.

ЩIалэгъуалэ театрым и унафэщI Гугъуэтыж Ахьмэд жиIащ ялэжь Iуэхум мы лъэнэшхуэ зэриIэр, зыкъагъэувыжа кьалэнхэр зэрызрагъэхъулIар. Студием и гъэсэн 16-м ящыщу 15-м еджапIэр кьаухащ, языныкъуэхэм я мурадщ театрым щыджэгуну. Илъэситым кьриубыдэу ныбжьыщIэхэр утыкуми театр лэжьыгъэмэ хэсыхьащ. Студием кьыщIитIэкIахэм я пIэкIэ нэгъэщI ныбжьыщIэ гуп кьащтэнущ.

Гугъуэтыж Ахьмэд зэрыжиIэмкIэ, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и пэш щыкIур яхухихащ студием и гъэсэнхэр щылэжьэну. НэхъапIэм гупыр мазищ-плIым утыку кьихьэу щытамэ, иджы «Сыринэ» театрым Iэмал иIэщ мазэ кьэс зыкьигъэлъэгъэну.

- ТхакIуэ, драматург, «Жан» зэгухьэныгъэм и унафэщI, «Горянка» журналым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ щIалэгъуалэм яхуитха пьесищыр гупым ягъэуващ. Ар республикэ псом щагъэлъэгъуащ. КъБР-м щIалэгъуалэм я Iэхухэмкlэ и министр Лу Азэмэт гупым я утыку итыкIэр щилъагъум, мыкомерцэ Iэхущ щIалэхэм я республикэ грант зэпеуэм я зэфIэкI щеплъыжыну иригъэблагъащ. Мы зэхьыхэри министерствэм и грант дэIэпыкъуныгъэм и фIыщIэщ. Театрым и репертуарым хэт лэжьыгъэхэм адэкIи зедгъэубгъуну ди хъуэпсапIэщ, - жиIащ Гугъуэтыжым.

«Адыгэ дуней» фондым хэт псомэ я зэхуэдэ екъулIэныгъэщ «Сыринэ» театр-студием и зэфIэкIыр. Апхуэдэщ гупым чэнджэщкIи мылъкукIи защIэзыгъэкъуа, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Хьурей Феликс, «Адыгэ дуней» фондым и унафэщI, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Хьэлыкlу Рае, фондым и правленэм хэт Кьып Гупсэ, нэгъуэщIхэри. Спектаклхэр щагъэувым фэилъхьэгъуэхэм я художник хьэщ дизайнер Сэралъп Мадинэ. Декорацэхэр ищIащ Сэралъп Лалинэ. Утыкур ягъэдэхащ Шыкъ Хьусни, Баяр Чылар, Атиллэ Аскэр сымэ.

ЩIалэгъуалэ театрым и лэжьыгъэхэм кIэлъыплъ иKIи ахэр зигу дыхьэ Хьурей Феликс екъуэхъуащ студиер къэзыуха щIалэгъуалэм. Абы и псалъэм къыхигъэщащ анэдэлъхубзэкIэ псалъэ щIыхум и псантхуэм нэхъ зэрызиужьыр иKIи ягу къыгъэкIыжащ «Бзэ дапщэ пщIэми - апхуэдизрэ уцIыхущ» псалъэжьыр. Хьурейм «Сыринэ» театрым и фIыщIэ нэхъыщхьэу къыльытар адыгэбзэр зэрагъэлажьэрщ. Урысибзэри хамэ къэралыбзэхэри пщIэн хуейщ, ауэ уи анэдэлъхубзэр Iэщыб пщы хъунукъым, лъэпкъ тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр зэрыпхъумэн нэгъуэщI Iэмал щыIэкъым.

Сертификатхэр яритыжыну ирагъэблагъа, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ Шыбзыхьуэ Басир щIалэгъуалэ адыгэ театрым и лэжьыгъэр кьехъулIэу къыльытащ. Абы жиIащ Къэбэрдей театрым и артист нэхъыжьхэм я дежкIэ студием и гъэсэн ныбжьыщIэхэр хьэуа кьабзэ пэлъытэу зэрыщытыр, гупым я зэфIэкIыр фIэгъэщIэгъуэн дыдэ зэрыхъуар, апхуэдэ щIэблэ къызыщIэхъуэ лъэпкъыр зэрынасыпыфIэр.

- Театрыр зэ фIыуэ зыльъэгъуар псоуху абы епцIыжыныкъым. Зи IэщIагъэр артист къиимыщIыкIми, а щIалэгъуалэм театр гъуазджэр Iэщыб ящIынукъым. ЕкъулIэныгъэ яIэну, я щIэныгъэм хагъэхьэуэну си гуапэщ, - жиIащ ШыбзыхьуэБасир.

- Спектаклым зэхуишэсахэм я Iэхьу зэIымубзэр ящигъэгъупщэмэ, утыкум кьыщыхьум я нэр теплъызэмэ, театрым нэгъэущI цIыхуу кьыщIэкIыжмэ - ди лэжьыгъэр дагъуэншэу тщIэуэ аращ. Театр гъащIэм ялэ лъэбакъуэ хэфчауэ образ щIэщыгъуэзэр къыворэщI. Еджэным зыкъыдэвгъахуэу, театр лэжьыгъэм зэман къызэрыхуэвгъуэтыр уасэншэщ! ФыкъэмыуфыкIуэ адэкIи театр гъуазджэм фыхуэлэжьэнумэ, фыкъебларгъэ! - жиIащ актрисэ, егъэджакIуэ, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щыхьэ зиIэ и лэжьакIуэ Балькъэр Тамарэ, студиер къэзыухахэм гуапэу щехъуэхъум.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Тау Ритэ студиер къэзыуха щIалэгъуалэм щехъуэхъум, кьыхигъэщащ адыгэбзэкIэ псалъэ, зи хабзэрэ щэнхабзэрэ зыхъумэж ныбжьыщIэхэр зэрилъагъум зэрыщыгуфIыкIыр. Абы жиIащ адыгэ щIалэгъуалэ театрым и мыхьэнэр зэрыуасэншэр, ар къызэзыгъэпэщащэмрэ зыгъэлажьэхэмрэ фIыщIэ зэрахуэфащэр.

КъэтIохъуащокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ «Адыгэбзэ Хасэ» жылагъуэ Iуэхущ Iапи Iэм и унафэщI, Iуэрыйуатэдж, журналист Табыщ Мурат къыщыпсалъэм жиIащ студиер къыззрызэIуахрэ абы и лэжьыгъэр фIэгъэщIагъуэну зэрыкIэлъыплъыр, лэжьыгъэшхэр зэрызэфIахыр, театрым цIыхубзм къаруущIэ къаззрыхилъхьэр.

Студием щIэтIысхьахэм къакIэрыхуами, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и артист, режиссёр, «Сыринэ» ялэ щIалэгъуалэ театрым и художественнэ унафэщI Кьанкъул Ислъам бгъдыхьэри, гупым захригъэтхэжащ Куп Айдэмыр. Гупри абы гуапэу кьыущIэри, яхэзэгъащ. Ар и щапхъэщ и хъуэпсапIэм хуэкIуэ цIыхум зыхуейр зэрызригъэхъулIэм. Студие нэхъыбм Айдэмыр актёр Iэщ Iагъэм хуеджэным пищыну и мурадщ.

Кьанкъул Ислъам илъэситIым зэфIагъэкIахэр кьыщипщытэжым жиIащ зрагъэхъулIахэмкIэ зэрыарэзыр, пщэрылъ зыщащIыжахэм зэрыпэлъэщар, анэдэлъхубзэр зымыгъэшырэуэф яхэтами, театрым и фIыгъэкIэ иджы уэрсэру зэрыпсалъэр ехъулIэныгъэу кьиззрилытэр. Студиер къэзыухахэм ящыщу, цIыхуитхум кьищынэмыщIауэ, адрейхэм а лэжьыгъэм зэрыпащэри Iуэхуфщ.

Гур хэзыгъаХъуэщ анэдэлъхубзэр зыгъэшэрыуэ адыгэ щIалэгъуалэ лъэпкъ театрым и зэфIэкIыр. Илъэс 15 - 16 зи ныбжь щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ тегушхуауэ театр хъуэм зэрыщыдыжэгур ехъулIэныгъэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Ардавэ Тамарэ** *трихащ.*

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ*

ТекIуахэр урысей зэпеуэм хэтынущ

«Налшык» спорт Iуэхущ Iапи Iэм щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэу Кавказ Ищхъэрэ округым щыIэхэм самбомкIэ я чемпионат. Ар къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ управленэм и спорт комитетымрэ Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэмрэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭм хэтащ росгвардеец 70 къызэщIэзыубыдэ щIыналъэ дзэ частхэмрэ щIыналъэ управленэхэмрэ я командэ 12.

ТекIуахэм екъуэхъуащ, тыгъэхэри яритащ Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Мэш Мурат.

Килограмм 53-м кьыщыщIэдзауэ килограмм 93 хьэлъэгъым нэс спортсменхэр тыгъи 10-м щIэбэнащ. Зэхьэзэхуэм кьырикIуахэмкIэ ялэ гупым щытекIуащ Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и гупыр. ЕтIуанэ увыпIэр лъысащ Владикавказ и командэм и дзэ кьулыкъущIхэм, Урысей гвардием и управленэу Дагъыстан Республикэм щыIэм и лэжьакIуэхэр ещанэщ. ЕтIуанэ гупым бжьыпэр щаубыдащ Ставрополь кьикIа спортсменхэм, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр зэдагъэушащ Мэздэгуэр Иноземцевэрэ я дзэ кьулыкъущIхэхэм.

- Сыныбжьхуэхъу зыIэрыкIэхьа увыпIэхэмкIэ. Фэ къэвгъэлъэгъуэхэм щIагъэбыдэ нобэ диIэ зэфIэкIхэр. ТекIуахэр хэтынущ фокIадэм Урысейпсо зэпеуэ екIуэкIынум. Сыфщогугъ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэр екIуу абы щывгъэлъэгъуну, - жиIащ Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ управленэм и спорт командэм и унафэщI подполковник Бабяр Сергей.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● Хъуэхъу

Зи гуащIэ щымысхь

«Адыгэ псалъэм» и кьыдэкIыгъуэ къэс зи унэ еблагъэ ди щIэдзыкIакIуэхэр щIэмыупщIэнкIэ Iэмал иIэкъым абы кьытрадзэ тхыгъэхэр зыхуей хуэзауэ тхылъымпIэм нэсын папщIэ, зи гуащIэ щымысхь IэщIагъэлIэм.

ФОКIАДЭМ и 4-м кьыщалъхуа махуэр игъэлъэпIащ «Адыгэ псалъэм» 2007 гъэ лъандэрэ щылажьэ, корректорым и кьалэнхэр щытхъу иIэу езыхьэкI Нэужьокъуэ Заирэ. Газетыр кьэсщтарэт жыпIэн папщIэ, ялэу уи нэм кьилъыхъуэр суэртхэрами, щIымигъэтIылъыжыр абы дзыхь хуэпщIын хуэдэу, ит тхыгъэхэр щыуагъэнщэу кьызэрыщыпарщ. ТхылъымпIэм кьытехутэ журналистым и тхыгъэр хьэрф зырызу «Къызыщыпкъ» цIыкIу щыжаIэм ящщ Заирэ. Корректорым и кьалэныр щыуагъэ IэщIэмыкIын кьудейрауэ кьыпщыхьуми, а IэнатIэм и мыхьэнэр кьызыгурыпуэнур бзэм ирилажьэмрэ ирипсэумрэщ. Сыту жыпIэмэ, адыгэ грамматикэр нобэр здынэса льагапIэм щIытетыфыр, адрей щхьэусыгъуэхэм кьадэкIуэу, ар зи IэщIагъэхэм яхэль тэмакъкIыхьагъымрэ я пащхьэ кьихуэ тхыгъэхэр набдзэгубдзапIуэу «зэрыщIагъэпщымрэщ». Апхуэдэ «бжьэ цIыкIухэм» ящщ ди Заирэ.

Старэ Шэрэдж кьуажэрщ и кьежьапIэр Заирэ. Курыт школ №1-р кьиуха нэужь, хъыджэбзыр куэдрэ мыгупсысэу, КъБКъУ-м филологиемкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и кьудамэм щIэтIысхьэри, еджэныр нигъэсащ. «Адыгэ псалъэм» кьызэрыуври и лэжьапIэр ихъуэжакъым.

И цIыку щыкIэр сыт хуэдэу пIэрэ жыIэным папщIи жэуап диIэщ. Хьэл зэпIэзэрыт, жэуапныныгъэ нэгъэсэ, адыгэ гъэсэныгъэрэ цIыкугъэ лъагэрэ зыхэлъ Заирэ апхуэдизкIэ цIыху Iэсэщи, и Iэбэкlэр щыму гъагъэурэ дунейр зыгъэдахэ удэхэм ещхьщ. Ауэ щыхьукIэ, и пщэ кьыдалъхьэ псори укIэлъымыплъыжми хъуну, гугъэзагъэу зэфIех. Зи тхыгъэхэм апхуэдэ щыкIэу фэ кьытрагъаху журналистхэми ди щIэджыкIакIуэхэми кьыдбгъэдэкI фIыщIэ лей яхуэфащэу кьытщохъу нэри, акъылри, гулытэри зэуIуу зытелажьэ тхыгъэ кьэпщытэным зи гуащIэ хэзылъхьэ апхуэдэ лэжьакIуэхэм.

Нобэрей махуэр ди щхьэусыгъуэу, анэм, щхьэгъусэм, пхъум я кьалэнхэми апхуэдэ дыдэу пэжу бгъэдэт Заирэ ехъулIэныгъэрэ гуфIэгъуэрэ щымыщIэу, и гъащIэр ирихьэкIыну дохъуэхъу. Ди тхыгъэхэм щыуагъэ зыIэщIумыгъэкIыу укъызэрелджэжым хуэдэу, гуныкъуэгъуэншэу, узынщэу, фIыуэ пльагъуэхэм уадэнэщхьыфIэу, уи дуней Iыхьэр Тхьэм ирыуигъэхьэкI.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Футбол

Ещанэ увыпIэри яхуэфащэкъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Легион» (Мэхъэчкъалэ) - 0:3 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 3-м. ЦIыхуи 150-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Холин (Мейкъуэпэ), Головченкэ (Дон Iус Ростов), Типикин (Краснодар).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Березов, Молэмусэ, Гъэгузокъуэ, Далиев, Хьэшыр, Топурие, Масленников (Блий, 81), Торосян (Мэкъуауэ, 81), Селяев (ХьэщIыкIу, 70), Котов (Пlуп, 70).

«Легион»: Магомедов, Исмаилов А.М., Мохбалиев, Газилов, Исаев, Панаев (Токаев, 84), Курбанов, Гамзатов, Абулашов (Битаров, 51), Исмаилов А. Г. (Ипаев, 59), Абдуллаев (Пухаев, 84).

Топхэр дагъэкIащ: Исаевым, 21 (0:1). Панаевым, 65 (0:2). Панаевым, 76 (0:3).

Дагъуэ кьыхуащIащ: Панаевымрэ ЛIупымрэ.

ВЭСЭМАХУЭ Налшык и «Спартак» стадионым кьекIуэлIа цIыху мащIэри шхыдэуэрэ зэбгрыкIыжыр, зэманыр ящIэнщэу ягъэкIуэдауэ кьалъытэу. Дэрэжэгъуэ кьратын ипIэкIэ абыхэм я гукъыдэжыр якъутат - зэхьэзэхуэм ещанэ увыпIэр щызэпызыуфыда командитIым я зэныкъуэкъуныгъэм «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр бжьгъэшхэкIэ кьыщыхагъэщIат.

Толджэгум дихьэхэм я гукъеуэр зыхэпщIэну гугъуакъым. Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и ЕтIуанэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэр нэхъ лъхьэшэ дыдэхэм ящыщ зыщ. Абы ещанэ увыпIэр кьащIэхуэмыкьымэ, нэхъри кьехуэкIнущ, зэIущIэхэм ущIепльын щхьэусыгъуэ щIагъуэ щымыIэжу. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ кьэралым и командэ нэхъыфIхэм япэщIэта «Спартак-Налшыкым» и дежкIэ ар напэтехщ.

Мэхъэчкъалэ кьикIа «Легион»-ри бэлъхьлажьэу пхужыIэнукъым. Арщхьэкlэ вэсэмахуэ ди щIалэхэм нэхъри ар хуэдищкIэ нэхъыфIащ: бгъэнейрэ налшыкдэсхэм я гъэм кьеуащ (плIэм хуагъазэу), дыдейхэм ар зэрахуэзэфIэкIар 3-щ (зэм хуэзэу). Жэуапыншэу топищ хэгъэрейхэм кьыхудагъэкIщ, «Спартак-Налшыкыр» ещанэ увыпIэм пагъэкIри, я щхьэр лъагэу ягъэзэжащ.

Абы иужькIэ нэрылъагъу хъуащ налшыкдэсхэм я Iуэхуэгъэр хуабжьу зэрымыщIагъуэр. КьыжьипIэну ирикъунщ джэгуГъуащ зэкIэлъхьэужьым (кубокым ехьэлIа зэпеуэри хэту) кьызэрыщыхагъэщIар иKIи я хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм зы топи зэрыдамыгъэкIыфар. ИкъукIэ гухэщIщ, хэкIыпIэ гуэр щыIэри тлъагъуркъым.

ФокIадэм и пэщIдзэ махуэхэм Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и ЕтIуанэ гупым щекIуэкIа адрей зэIущIэхэмри щытепщар хьэщIэхэращ. Абыхэм я текIуэныгъэкIэ иуэхащ зэпэщIэтныныгъэ псори.

Щыгъуаз фыхуэтщIынщ и зи чэзу зэIущIэхэм кьарикIуа бжьгъэхэм: **«Астрахань»** (Астрахань) - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **1:2**, **«Победа»** (Хасавюрт) - **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **0:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джагугъуэр «Спартак-Налшыкым» фокIадэм и 8-м иригъэкIуэкIынуц. А махуэм ди щIалэхэр Псыхуабэ кьалэм щаIущIэнущ зэIущIэ псоми щытекIуауэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъ «Мэшыкъуэ-КМВ»-м.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и ЕтIуанэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Мэшыкъуэ-КМВ»	7	7	0	0	16-3	21
2. «Легион»	7	3	3	1	9-5	12
3. «Астрахань»	7	3	2	2	13-8	11
4. «Спартак-Налшык»	7	3	1	3	8-7	10
5. «Динамо-2»	7	1	3	3	7-9	6
6. «Алания-2»	6	1	1	4	7-18	4
7. «Победа»	7	1	0	6	4-14	3

«Бжьыхьэ-2023»

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Налшык дэт Лъэпкъ музейм а фIэщыгъэм щIэту иджыблагъэ къыщызэIуахащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм я Iэдакъэщ Iэкlэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и сурэтыщIхэм я лэжьыгъэ нэхъыфIхэр щызэхуэхьсащ абы. Ахэр музейм и пэшым апхуэдизкIэ зэкIуу щызэкIэлъыхьати, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыртэкъым. Ягъэлъагъуэхэр зы сурэтыщIым и Iэдакъэ къызэрыщIэмыкIар гурыIуэгъуэ, ауэ лэжьыгъэ псомэ зэдайуэ зыгуэр зэрагъэIупщIт. Лэчкlэ щIа сурэтхэм, графикэ жьыпхъэм итхэм, пхъэм кьыхэбзыкIа нэхъыщхьэм, ятIэм кьыхэщIыкIаxэм, Iэщэ-фащэхэм, бзылъхугъэм зэрызигъэдахэ хьэпщыпхэм, упщIэ, арджэн зэкIужкъэм ущецлъкIэ, ди щIыналъэм и цIыхухэр зэрыIэпэIэсэм, лъэпкъхэм Iэрыкl дахэ зэрагъэIэм иджыри зэщыхьэт утохьуэ.

Лэжьыгъэхэм я нэхъыбэр классикэ жьыпхъэм итщ. Ди щIыналъэми абы и адрыщIкIи къыщацIыху сурэтыщI Iэзэхэм ящыщ Дзэгъэл Iэуес утыку кьрихьащ Налшык кьалэ Суворовым и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет пасэрей унэм и теплъэр. Нэрылъагъущ сурэтыщIыр кьалэ ухуэныгъэхэм зэрыдахьэхыр, ауэ щыхьукIи, Дзэгъэлым Кавказым и щIыуэпсым триуха лэжьыгъэ и мащIэкъым. Ахъмэт Лиуани щIыуэпсыр Iэзэу кьагъэльагъуэ. Абы и Iэдакъэщ Iэкlэуу музейм и блынкэм щыфIэдзахэм ящыщу бзылъхугъащIым я теплъэр тельыджэу къызытещIыр хагъэхьащ Москва кьалэ куэд мыщIэу кьыщыхэрагъэпэщыну гъэлъэгъуэныгъэм.

СурэтыщI, дыщэкI Сурхайханов Иброхьим и Iэрыкlэхэм нэр кьыпхутехыжыркъым. Бзылъхугъэм зэрызигъэдахэ хьэпшыпхэм лъэпкъ нагъыщэ, дамыгъэхэр Iупщу кьатощ. Мы тхылъэгъуэныгъэм абы утыку кьыщрихьащ Гамзатов Расул кьызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум хуэгъэпсауэ ищIа фееплъыр.

ЯтIэ гъэжьам, пкIыгъэм, арджэнэм, цIым кьызыщIыкIа хьэпшыпхэр щымащIэкъым музей псоми. А лэжьыгъэ зэщымыщхэр, я щIыкIэкIэ телъыджэхэр абы екIуэлIахэм афIэгъэщIэгъуэну куэдрэ зэпаплъыхьащ, яльагъур ягъэщIагъуэу я псом еплъащ ди щIыналъэм зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуэхэри. Абыхэм жаIащ ди сурэтыщIхэм я Iэзагъэмрэ гупсысэкIэ щIэщыгъуэмрэ къызэрымыкIуэу зэрыдихьэхьр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкlакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапи Iэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.623
Заказыр №1915
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугуэхэм я пэжагъымкIэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтекIуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.).*

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.